SUNARNO SISWORAHARDJO

SINTA



Lemb. Keb. Ind.
Kon. Bat. Gen.
B : -
484.
no.1985.
1957

BALAI PUSTAKA
JAKARTA

6 MAART 1957

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kp 88.080

SI

SUNARN

DINAS PEN
D

Le
Ba
Ku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

B.I.
1084.
no 1985
1957

SINTA

Kaanggit déning

SUNARNO SISWORAHARDJO

DINAS PENERBITAN BALAI PUSTAKA
DJAKARTA — 1957

PERPUSTAKAAN
Lembaga Kebudajaan Indonesia
Bataviaasch Genootschap van
Kunsten en Wetenschappen

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Kawedalaken déning :
DINAS PENERBITAN BALAI PUSTAKA

**
*

Gambar tapih :
R. ARDJODARSONO

**
*

Pangetjapan :
Balai Pustaka — Djakarta

**
*

B. P. 1985
Hak pengarang kaajoman ing Angger-angger

Rp. 6.—

Lemb. Kebudajaan Ind.
Bat. Gen. Perpustakaan
tanggal 12 - 3 - 1957
asal-usul No. 372 A

1. Pinangkané
2. Kaanan ing
3. Taun 1936
4. Sinta .....
5. Djagong tet
6. Nepungi Sa
7. Owah-gingsi
8. Kedadéan in
9. Bebrajané S
10. Laku-djantr
11. Badansepata

ISINIPUN

		Katja
1.	Pinangkané sing manggung dadi lakon	5
2.	Kaanan ing Sastrawigenan	8
3.	Taun 1936	14
4.	Sinta	20
5.	Djagong tetakan	26
6.	Nepungi Sadjarwa	32
7.	Owah-gingsiring kaanan	38
8.	Kedadéan ing Makasar	44
9.	Bebrajané Sinta	50
10.	Laku-djantraning ngaurip	54
11.	Badansepata	66

PERPUSTAKAAN NASIONAL

1. PINANG

Paḍa-paḍa la
ḍéwé. Mulané k
ing laladan Sura
Kabupatèn lija
Probolinggo, Bli
ora ana pabrik
setatsijun. Pabri
nganti atusan. S
tobong gamping
djaran, uwur, k
omah. Warna-w
ḍéwé uwur Pétru
ing wong sadjah

Raméning kut
Ngajogja — Solo
lor. Lijané iku o
sing lumaku ing
krungu suwaran
kanggo nggambi
ndeplok uwur, a
ngrasa kaja ajer
lalia jèn pametu
Pangéran, apa
nalika opahing
gèng ura² mau,
dadi papat. Rok
bisa olèh uwur,
wis patut dieng

Miringé rereg
kegawa saka K
Merapi kang isi
garingé dadi l

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

1. PINANGKANÉ SING MANGGUNG DADI LAKON

Paḍa-paḍa laladan Surakarta, Kabupatèn Klaṭèn iku loh ḍéwé. Mulané kuṭa iku ija ramé ḍéwé tinimbang kuṭa lijané ing laladan Surakarta mau. Éwadéné jèn ditanḍing karo kuṭa Kabupatèn lija Parésiḍènan mung tiba seḍeng. Karo Tegal, Probolinggo, Blitar, isih kalah. Kalah, déning sadjroning kuṭa ora ana pabriké geḍé. Mung ana pabriké sidji, ana ngarep setatsijun. Pabrik gamping duwèké wong Djerman. Buruhé ora nganti atusan. Salijané iku ing sadjroning kuṭa isih ana manèh tobong gamping tjilik-tjilikan, pakarjan gawé genḍèng, tapel djaran, uwur, kétjap lan lija-lijané kang kalebu pakarjan ing omah. Warna-warnané pakarjan mau kang kalebu misuwur ḍéwé uwur Pétruk karo kétjap. Karo pisan nganti dibutuhaké ing wong sadjabané Kabupatèn kono.

Raméning kuṭa Klaṭèn iku mung ana sauruting dalan saka Ngajogja — Solo, wiwit kampung Ranḍualas tekan ing Barèng-lor. Lijané iku ora ana tetunggangan sing slira-sliri. Mula sapa sing lumaku ing dalan lijané Ngajogja — Solo, bisa lumintu krungu suwaraning wong ura-ura utawa tetembangan kang kanggo nggambirakaké atiné ḍéwé sadjroning njiṭak genḍèng, nḍeplok uwur, anggiling tahu, mbaṭik lan lija-lijané. Ing pangrasa kaja ajem-ajema temenan wong Klaṭèn mau. Kaja lalilalia jèn pametuné tjupet, klambiné didjiṭet. Apa klebu adiling Pangéran, apa ta wis diétung déning para ahli ḍèk semana, nalika opahing gliḍig setali sedina, wong^2 sing paḍa ngglènggèng ura^2 mau, jèn tuku sega guḍangan sak-sèn bisa ndjaluk dadi papat. Rokok sak-sèn komplit. Tegesé ḍuwit sak-sèn wis bisa olèh uwur, tembako karo dluwang sèk. Omah séwan f 1.50 wis patut dienggoni, tur wis olèh djamban tuwin W.C. nḍéwé.

Miringé reregan kabutuhaning urip ing kuṭa Klaṭèn mau, kegawa saka Kabupatèn kono lemahé weḍi tur loh. Gunung Merapi kang isih urip kumebul, saben-saben mutahaké lahar, garingé dadi lemah sipaté kaja sepon. Tahan nanḍo banju.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Djalaran saka iku tanah Klaṭèn kang dadi sikilé gunung Merapi, tinemu umbulé pating tlètjèk, bening kimplah², paḍa dipilala kanggo padusan utawa ontjoran sawah. Anané ontjoran mau, ndjalari ing kono ketiga-renḍeng ora ana palemahan bera. Pari ing kono gentènan baé sing kuning karo sing idjo. Wong² sing liwat ing padésan bisa aḍem pandelengé, meruhi selang-selingé pari sing wis wajah meṭik, mlentjuti, gumadung lan nglilir. Saweneh sawahé lagi diweluku, digaru. Banjuné kumriwik nggugah djiwa, éling jèn tirta iku marta. Sing digarap ondernèming (kabudidajan), ngalar-alar awudjud tanduran tebu, rami, tembako lan tom. Iku sing ngaré. Déné ing èrèng²ing gunung Merapi tinemu keboné tèh tuwin kopi. Geḍé banget berkah lohing bumi sing digarap onderneming. Meṭuṭuk dadi pabrik geḍé-geḍé pating tlètjèk. Mèh angger kaonderan ana pabriké. Embuh pabrik tebu, pabrik tembako, pabrik rami lan lija-lijané. Pabrik-pabrik mau andjalari dadi raméning panggonan ing sakiwa-tengené. Ngono kaanané ḍèk durung ana oreg-oregan. Pelabuhan Semarang raméné saka kesumbang pametuning onderneming lan pabrik mau.

Bab iku wis dingertèni ing akèh, bagus mulus iku langka. Mangkono uga Klaṭèn. Buminé sing kena ditembungaké pasirwukir loh djinawi, kang nglamlami, asri ing pandulu saka éndah-ing sesawangan. Djaré asalé djeneng Klaṭèn, saka ing kono akèh tandurané kembang mlaṭi. Ana manèh djaré asli saka teges kemalan tjangkem. Laṭi tegesé lambé utawa rembug. Tembung kelaṭèn bandjur owah dadi Klaṭèn. Mangkono iku kanjatan ana ing lajang babad.

Nalika djumenengé Panembahan Sénapati, ing wewengkon Klaṭèn kono (Djatinom saiki) ana sing mbeguguk nguṭawaton. Wewatoné ora rumangsa kalah guna sekti.

Ki Ageng Gribig, mengkono asmané sing mbeguguk mau, kelakon tanḍing tijasa karo Penembahan Sénapati. Sanadyan ta Ki Ageng Gribig mau katjarita bisa ngébaraké pangéram-éram, praon nganggo gribig (keré) ; jèn ditimbali sing mara gribigé, dudu Ki Ageng. Éwa samono katijasané Ki Ageng mau wusanané tjabar, bareng Panembahan Sénapati wis matak adji panga-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

baran. Mengkono tjaritané bareng wis dadi dongèng.

Ḍèk djumenengdalem Sinuhun Paku Buwana VI apesé ja ana ing Klaṭèn kono. Nalika arep tindak nenepi menjang Mantjingan, bisaa oleh wewengan saka sing Maha Sutji, sageda peputra karo Kangdjeng Ratu Anom, lan uga ana saweneh kanḍa djalaran saka amrih rahajuné olèhé gèḍèg karo anṭuk lan Pangéran Dipanegara, djebul ana wong Klaṭèn kono sing njlimpet lapur Welanda. Temahané Ingkang Sinuhun disusul menjang Mantjingan, terus dikèndangaké menjang Ambon.

Djaman madjuné panggaotan, dadi ḍèk djaman ngrembakané pabrik, paḍa-paḍa bawah Surakarta, ing Kabupatèn Klaṭèn tjatjahing prakara sipil tuwin kriminil kapétung ondjo. Bareng Republik wis madeg, tjoba sing tumiba ing Klaṭèn ija rada anteb. Apa tumon, lagi nengah-nengahi perang nglawan Welanda, ndadak barisan Hisbolah memungsuhan karo Pesindo. Plek kaja lelakoné Paṇḍawa nalika Bratajuda, ndadak Setyaki memungsuhan karo Drusṭadjumena. Tudjuné bandjur kena disapih Sri Kresna. Kotjapa, bareng R.I. wis tetep madeg, ing Klaṭèn ana dredah bumi (kedadéan ing Ketjamatan Musuk), bandjur dahuru ing Merapi Merbabu Complex, lan manèh grajak. Ing pangira nalika semana ing Klaṭèn sirna ilang kartaning bumi.

Kaja mangkono gambaraning Klaṭèn mungguh ing kaanané ing satléraman. Kapan bisané Klaṭèn bisa pulih pasir awukir lan loh djinawi mau kinanṭènan karta tur rahardja? Wallahualam! Kedjaba mung saka karsa Allah.

Kaanan sing kagambar ing ḍuwur mau, ḍèk taun 1930, M. Sastrawigena manggon ing kampung Tjanḍi, kuṭa Klaṭèn. Manggoné ing kono durung suwé. Alih-alihan saka Kebonarum. Olèhé ngolah-ngalih wis bola-bali, ngetut lakuning pangan. Awit ḍèk kiwa-tengené taun 1930 tumrap djagat dagang pinudju conjunture (kaananing ekonomi ing sawenèhing mangsa) mlarat. Ing mangsa conjunture mau gèndèng-tjènèngé karo pabrik lan onderneming nganakaké overcompleet (ngurangi punggawa), utawa pangiridan. Ngalihé Mas Sastra saka Kebonarum mau djalaran katradjang overcompleet iku. Olehé dadi djurutulis ing onderneming tembako ing kono lèrèn, olèh pa-

PERPUSTAKAAN NASIONAL

sangon blandja 3 sasi. Tudjuné pasangoné gunggung kumpul ƒ 90,— durung nganti entèk, bandjur dilanting mitrané, bisa ketampan dadi djurutulis pabrik gamping. Lelakon ngalih pagawéan mangkono iku ora mung pisan pindo. Djalarané ora kok M. Sastrawigena tjak-tjèk lètjèkan, nanging saka bola-bali dadi bantening malaise (mangsa mlèsèt) M. Sastrawigena dèwé satemené antepan, mantep ing gawé; mung begdjané sing kurang. Ketimplak-timplak, tau njambut gawé ing Pandansimping, Trutjuk, Gajamprit lan lija-lijané. Ana pupusané setitik, déné lèrèné saka sidji-sidjining onderneming bisa olèh katrangan betjik, ija djalaran mantep ing gawé mau. Mangkono mau ndjalari M. Sastrawigena, jèn nganggur ora tau suwé. Lelakon mengkono mau, kang ndjalari pasuwitané ing onderneming ora bisa katog nganti pènsijun. Tur wiwit kuntjung nganti gelung, malah nganti djambul-uwanen ora tau mlangkah saka Djurutulis. Dadi blandjané ija ora tau akèh. Ana ing rembug gegujon, blandjané M. Sastrawigena ditembungaké „sesasi telung puluh djedjeg." Pametuné di-djèrèng[2] adja nganti tjomprèng tekané blandjan manèh.

2. KAANAN ING SASTRAWIGENAN

Tjandi iku palemahané ledok. Jèn rendeng banju saka kampung Randualas iring wétan, Mlindjon iring kidul lan Tonggalan kulon, pada mili menjang kampung Tjandi mau. Éwa déné ing kono ora tau bandjir, djalaran banju kabèh mau bisa tumuli mangidul, gumontor andjog ing ilèn[2] irigasi. Éloké déné kampung Tjandi mau lemahé wedi, lah kok ana tubanné. Tuban iku kali kang tinemu ing sadjroning bumi. Dadi upama ana timba ketjemplung ja kèli. Sumuré M. Sastrawigena ija nrendjuhi ing tuban mau. Tuban ing sumuré M. Sastrawigena iliné anteng banget, ora pati ketara mili. Patuté tuban sing ana ing Tjandi mau, upama kongang metu dèwé ija dadi umbul, kaja umbul lijané sing tinemu ing wewengkon Kabupatèn Klatèn kono. Kajata umbul Pluneng, Djalatunda, Tjakratulung lan lija[2]né. Banjuné pada bening njarong, gawé lumering pakulitané wong

kiwa-tengené, si
kang ana ing k
tuban iku tinem
M. Sastrawige
barang. Kajata:
bisa gedé drad
bisa sempulur
Tjandi mau, dja
kuna-makuna d
sadurungé ana
nungan. Pangira
ing kono nemu
Tjandi djalaran
Tjandi. Lan M.
dajaning patilas
plak-timplak, da
sing ndjalari um
ati: Tjandi njaw
umès, pangrasar
tuwa. Éling-éling
wigena wis ndu
Nudju dina
kedajohan mitr
Samsuri iku sir
ing pabrik gam
sababé déné dèk
A.S.: „Tak ki
wis bisa lengga
M.S.: „Jèn l
kaku mblabag.
A.S.: „Nalaré
daharé, apa men
wong ora ana
M.S.: „Anu k
ta Di, sing ora
lah kok ketimp

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kiwa-tengené, sing pantjèn gelem ulah sarira. Wondéné tuban kang ana ing kampung Tjandi diarani élok, déning lumrahé tuban iku tinemu ing tanah gamping.

M. Sastrawigena iku gedé piandelé menjang dajaning barang-barang. Kajata: ngingu djaran kang matiné satrija-pinajungan, bisa gedé dradjaté. Manggon ing bumi banjuné numpang, bisa sempulur redjekiné. Wondéné olèhé milih manggon ing Tjandi mau, djalaran olèh katrangan, jèn ing Tjandi iku wis kuna-makuna dienggoni uwong. Malah ana sing ngira, jèn sadurungé ana kuta Klatèn, Tjandi iku wis dadi papan padunungan. Pangira mau awewaton, déné wis bola-bali wong duduk[2] ing kono nemu retja, bata-bata kuna. Mula kampungé diarani Tjandi djalaran dikira, retja lan bata mau dèk bijèn mesti Tjandi. Lan M. Sastrawigena dewé pangarep-arepé bisaa olèh dajaning patilasané wong kuna mau, supaja uripé mari ketimplak-timplak, dadia ajem lan tentrem. Tumumpanging banju sing ndjalari umèsing djogan, ora diperduli. Sing dipeleng ing ati: Tjandi njawabi! Masuk angin kang saka dajaning djogan umès, pangrasané masuk anginan iku lumrah tumraping wong tuwa. Éling-éling dèk manggon ana ing Tjandi mau M. Sastrawigena wis ndungkap umur 50 taun.

Nudju dina Selasa wajah bubar magrib M. Sastrawigena kedjajohan mitrané, djenengé Achmad Samsuri. Ija Achmad Samsuri iku sing nglanting M. Sastrawigena bisa ketampan ing pabrik gamping. Olèhé medjajoh iku adapur tilik, apa sababé déné dèk Senèn ora mlebu.

A.S.: „Tak kira gerah temenan Kangmas iki. Sokur ta jèn wis bisa lenggah."

M.S.: „Jèn larané, pantjèn lara rasané. Rasaning weteng kaku mblabag. Menjang awak iki ja lesu ja lesah."

A.S.: „Nalaré keprijé Kangmas, gerahé kuwi? Ketjotjok daharé, apa mentas natas bjar-bjaran? Jèn natasa, ngelèki apa, wong ora ana kantja duwé gawé."

M.S.: „Anu kok Di. Satemené aku nètèr awak. Sapa wongé ta Di, sing ora nglara ati. Wong urip wis ndungkap 50 tahun lah kok ketimplak-timplak baé. Dèk malem Minggu awakku

PERPUSTAKAAN NASIONAL

tak-tètèr. Anu Ḍi, ḍèk wingènané rak Ngaad Legi, kuwi kebener wetonan. Ḍèk embèné, dadi dina Setu, wiwit wajah asar aku ngebleng ana sentong kulon. Ora metu-metu nganti asar manèh, ing dinané Ngaad Legi ḍèk wingènané. Apa kang krasa, tak-ampet. Ngampet ngombé, ngampet mangan. Dalah arep guneman ja tak-ampet. Tékadku, mangsa matia ora. Sadjroning nglakoni ngebleng mau, ing batin njenjuwun, bisaa olèh pitulungané leluhur sing ngedegaké tjanḍi kéné ḍèk bijèn. Ora kajaa nalangsané atiku, déné tuwaku seméné kok durung ana antarané urip kepénak. Samangsa aku mikir si genḍuk suson, tangising atiku kaja metu eluh getih."

A.S.: „Wis Mas: wis. Atiku munḍak mèlu trenjuh. Aku wis bisa mèlu ngrasakaké aboting panggalihé Kangmas. Aturku, salijané ichtijar, Kangmas sing prajoga tawekal maring Allah. Kaja Kangmas lagi kaparingan momongan, durung genep setahun, jèn dipikir tuwadjuh, krasa mangkono iku: pitulung. Tjoba paḍa diraosaké kanṭi éklas, upama jèn kangmas pinaringan momongan, papat: upamané, mangka pepastènè kangmas ja kaja sing kelakoṇ iki, saiba saja aboté. Bisa uga panggalih ora kuwat. Nuwun sèwu lo Kangmas; dadi ora kaparingan momongan ḍèk bijèn-bijèn, iku aḍapur ora muwuhi aboting pepastèn. Lah Kangmas kuwat sugeng nganti saiki.

M.S.: „Sugenga kaé Ḍi, jèn mung sugeng²an ngéné iki?"

A.S.: „Ijak adja nganti kaja ngono Kangmas kuwi. Kok kaja dudu prijaji sepuh, pangandikané kebak hawa, keburu napsu. Ngilang-ilangaké pitulungané sing Maha Kuwasa. Anu lo Kangmas, Kangmas wis dak anggep kulit-dagingku ḍéwé dadi keparenga olehé paḍa ngendika iki blak-blakan, tanpa tèḍèng aling-aling. Tanpa subasita."

M.S.: „Ija, ija Ḍi. Aku malah bungah. Tjara Djawané sing tjeḍak dadi sanak. Ḍasar aku iki kekurangan sedulur. Aku ḍéwé ontang-anting, déné bakjumu ja wis kari idjèn. Nak-dulur nak-dulur, misan lan minḍo kuwi paḍa ngumbara adoh. Upama kebo sapi paḍa ngetutaké suket-idjo. Mula saploké aku kotanting bisa mlebu pabrik gamping, kowé kuwi sanadyan enom tak anggep djedjimatku. Temenan lo Ḍi."

PERPUSTAKAAN
Lembaga Kebudajaan Indonesia
Bataviaasch Genootschap van
Kunsten en Wetenschappen

A.S.: „Ah kẹduwuren ngendikané Kangmas kuwi. Aku iki sing marakaké kuwat apaku, lah kok dianggep djimat."

M.S.: „Temenan, aku ora ngilang-ilangaké. Atiku pepes nalika lèrèn saka Kebonarum. Duwé momongan anjar kok nganggur. Ilang pepesing atiku, bareng dilanting si Aḍi, slamet tekan ing pabrik gamping."

M. Sastrawigena durung nganti mbandjuraké gunemé, lagi arep kumetjap manèh, Achmad Samsuri munggel rembug, perlu migunakaké menangé kadjiwan. Gunemé sadjak semu pakéwuh. Tumungkul, murih ora ketara rikuhé. Tembungé: „Jèn aku sing dadi Kangmas, klebu menjang pabrik gamping kuwi temen-temen pitulungané Allah. Tur tumiba ing mangsa sing kebeneran. Pasangon mèh entèk, wis olèh pagawéan. Aku sing nglanting iki, satemené mung dadi lelantaran. Lelantaran nekakaké pitulungan. Ora béda karo Upas Pos nekakaké lajang pos. Mulané dunungé atur panuwun menjang aku, Kangmas! Katura menjang Allah kang gawé urip."

M.S.: „Wah, ngendikamu kuwi Ḍi! Nanging rak ja ora luput ta, munḍi si Aḍi dadi djedjimatku? Djer njatané ing tata lahir si Aḍi sing mitulungi."

Achmad Samsuri ngéndani gunemé M. Sastrawigena. Pangarahé supaja mitrané katetangia atiné, temen-temen atiné kumandel maring Allah, ilanga piandel lijané sing lalawora. Kanṭi nuduhaké rumaketé marang mitra, katon kaja loro²ning ngatunggal.

A.S.: „Aku karo Kangmas iki djenengé wis dadi kulit-daging. Apa kang krasa ing Kangmas, ija krasa ing aku. Mesṭiné ija kaja mengkono kosok-baliné. Mulané betjik kagalih, jèn ichtijarku ija ichtijaré Kangmas. Samono uga ichtijaré Kangmas ija dadi ichtijarku. Lah jèn aku Kangmas, ichtijar kaja kang ditindakaké Kangmas ḍèk embèn iku ora rudjuk. Ora ketrima, malah kapidana!"

Mas Sastrawigena krungu tembung ora rudjuk iku ndjeginggat ing batin. Apa manèh krungu tembung „ora ketrima, malah kapidana" Nanging sinamun ing samudana, ulas-ulas takon sadjaké gumun; ora ngerti banget, déné ichtijaré

PERPUSTAKAAN NASIONAL

disulajani. Diselani njengkakaké lumadiné wédang: „Nem, Sinem! Sengkakna Nem, wédangé." Bandjur tjlaṭu manèh: „Pijé, pijé Ḍi, setijarku kok malah kapidana kuwi?"

A.S.: „Aku sok ngrungokaké sesorah bab ngèlmu kuwarasan. Uga kerep matja bab ngèlmu kuwarasan. Ing kono aku bandjur ngerti, jèn wong miskin ora bisa mènèhi djat-djat sing piguna tumrap uriping djasmaniné. Dadi nalaré, ing anggané kono ora duwé tanḍon djat, sing dadi pikukuhing djasmaniné. Upama wong tani, ora duwé lumbung. Dadi saupama ora olèh butuh sadina baé, mesṭiné kontrang-kantring. Aku karo Kangmas iki kelebu miskin. Lan akèh banget kantjané. Ing anggaku lan ing anggané-kangmas, iki nalaré ora duwé tanḍon djat-djat tjukup, kang dadi bebètèngé djasmani, mula ija ringkih dadiné. Gampang kambah lelara. Setijaré Kangmas ḍèk embèn, sasaté nglalu. Patlikur djam ora klebon apa-apa sing dadi pikuwating awak. Ora ngetokaké apa-apa sing dadi sesukering awak. Lan awak bandjur nanḍeg sesuker, tur ora olèh djog pikuwat. Mula mèmper baé, jèn Kangmas bandjur kapiḍara. Ja kuwi pidanané. Anu Kangmas. Raga iku kantjaning njawa olèhé urip ing ngalam-donja iki. Mula adja ditètèr sing satemené malah njiksa awak. Jèn ta nètèr, betjik pasa Senèn-Kemis baé. Angger bisa lumintu wis lowung.

M. Sastrawigena katon olèhé nggatèkaké. Sadjaké dirasak-rasakaké temenan. Katrangané Achmad Samsuri kebeneran mangsa-kalané. Katrangan[2] sing kaja mangkono surasané mau, wis tau dirungu M. Sastrawigena, malah kaping-kaping, nanging ora kebeneran kala-mangsané kaja ing dina iku. Achmad Samsuri waspada ing semu, mula nuli mbandjuraké olèhé pasang gelar, murih mitrané kasoran prabawa temenan. Tembungé: „Ḍèk mau Kangmas ngendika, njuwun pitulungané leluhur sing jasa tjanḍi ḍèk bijèn. Panjuwuné Kangmas ora maring Allah. Dadi rak ja mesṭi ta, Allah ora nampani panuwuné Kangmas. Tegesé panuwuné Kangmas ora ketrima déning Allah. Panuwuné Kangmas marang para leluhur sing jasa tjanḍi kéné ḍèk bijèn, iku kurang dumunung."

M. Sastrawigena kudu kumetjap arep njelani gunem, na-

nging isih kuw
disulajani, iku p
ditjanḍet. Disa
Achmad Samsu

A.S.: „Aku k
tjanḍi iku paḍa
Sapira geḍénin
uripé ḍéwé ing
Ilang katijasané
mbélani djugru
Kangmas kejak
wates.

M. S: „Ajo
mung onḍé-onḍ
njonjahé Senḍa
kurang-kurang.
Médja-kursiku
koḍèn. Pelik-pe
wong Kedjawar
dung. Lah iki

A.S.: „Ichtija
ana sing ora. S
titis kerep lupu
anjel. Mangka
luput terus. Jèn
aké ora titis. Jè
tus tudjon bisa
bisa sepuluh se
jèn bener par
gonḍèlané: „Sa

M. S.: „Wah,
ṭal-ponṭal adoh
tur kesanḍung-
kelakon. Ḍi, ati
Tak rasak-rasa
penḍem."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nging isih kuwat ngampah. Panjuwuné marang para leluhur disulajani, iku pantjèné arep diengkoki. Nanging gregedé kena ditjandet. Disarèhaké, ngentèni rampunging katerangané Achmad Samsuri.

A.S.: „Aku kabèh iki ngerti, jèn para leluhur sing bisa jasa tjandi iku pada duwé katijasan, luwih tinimbang pepadané. Sapira gedéning katijasané manungsa, ora bisa nguwasani uripé dèwé ing salawas-lawasé. Tegesé mesti tekan ing pati. Ilang katijasané. Awaké kependem ora bisa béla, apa manèh mbélani djugrugé tjandi tuwin tangisé anak-putu. Mangkono Kangmas kejakinanku, jèn kuwasaning uwong iku anduwèni wates.

M. S: „Ajo Di diundjuk disik, karbèn sumegrèk. Patjitané mung ondé-ondé, sing saérah. Ja saé, ja murah, jèn dodolané njonjahé Sendang kono. Jèn bab ichtijar rumangsaku wis ora kurang-kurang. Éwadéné kaananku adjeg kaja ngéné iki. Médja-kursiku dudu weton H. Siradj. Prabot lijané ja mung kodèn. Pelik-pelik ora duwé. Malah sembet baé ing ngatasé wong Kedjawan kok ja ora duwé djarik batik sing bisa ngidung. Lah iki Di, sing kerep mbrongotaké atiku."

A.S.: „Ichtijar iku èmperé kaja wong nudju. Ana sing titis, ana sing ora. Sing titis kerep kena panudjuné, déné sing ora titis kerep luput. Jèn kerep luput, pantjèn gampang kemropok, anjel. Mangka jèn anjel malah kuwur. Dadi saja ora titis, saja luput terus. Jèn kenaa, mung kebeneran. Kangmas tak upamakaké ora titis. Jèn tlatèn adjar nudju, saora-orané ing kawitan satus tudjon bisa kena sepisan. Sabandjuré jèn tlatèn panindaké, bisa sepuluh sepisan, bandjur angger nudju kena. Mangkono jèn bener pangèstiné. Kanggo mikuwat tindaking pangèsti, gondèlané: „Sapa temen tinemenan." Wal wadjida wadjidahu.

M. S.: „Wah, upama pada mlaku mengkono, aku iki kepontal-pontal adoh karo si Adi. Lakuku kerep salah-wèng-wèng, tur kesandung-sandung pisan. Ah, keprijé manèh, barang wis kelakon. Di, atiku bisa krasa adem sadjroning rerembugan iki. Tak rasak-rasakaké sariramu kuwi djebul kaja dukun kependem."

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Achmad Samsuri bareng wis ngentèkaké wédangé, bandjur pamit mulih. Ditjandet-tjandet emoh. Ing batin karebèn M. Sastrawigena terus nglimbang-limbang dèwé lelakon sing kepungkur, keprijé tjunduké karo rembug mau. Dadi sarudjuké karo ati meneb.

3. TAUN 1936

Ing tahun iku kuta Klatèn wis ana H.I.S. telu. Telu pisan dudu gawéané Gupermèn. Déné sing gawé Katolik, Protèstan lan Muhammadijah. Pada duwé sidji-sidji. Kedadéan kaja mangkono iku kena diarani aèng, déné rakjat mbutuhaké, la kok Paréntah ora nganakaké. Kosok-baliné, sapira tjatjahing Welanda saindenging Klatèn, jèn ditanding karo wong buminé, apa ana 1%, éwadéné Gupermèn nganakaké E.L.S., kanggo nampani sekolahé anak-anak Welanda sarta wong putih lijané, kang pada njambutgawé ing onderneming lan pakarjan dines ing kono.

Dèk semana kuntjining kapinteran iku basa Welanda. Basa iki dadi ukuran dasar kanggo nutugaké pasinaon menjang pamulangan[2] luhur. Rèhning Klatèn duwé H.I.S. telu, mulané pada-pada kuta Kabupatèn bawah Surakarta, Klatèn iku dadi sumberé wong pinter sing lumajan kèhé. Mr. Sumarno, Sekretaris Djéndral Kementerian Perekonomian; Mukarto Nitiwidagdo, Duta kita ing U.S.A.; Subadyo Sastrasatomo Ketua fraksi Partai Sosialis Indonesia ing Parlemen, iku kabèh nonoman sing dèk bijèn pada olèh wulangan kawitan ing Klatèn.

H.I.S. telu pisan pada olèh subsidi saka Gupermèn. Sekolah-sekolahan subsidi iku dèk semana pada dadi pilihaning wong, amarga diplomané kadjèn, jèn ta kanggo gaman golèk pagawéan. Kanggo sambungé menjang sekolahan-sekolahan Gupermèn ija luwih gampang tinimbang karo sekolahan partikelir lijané sing tanpa subsidi. M. Sastrawigena kang wis wajahé njekolahaké, rumangsa lowung urip ana ing kuta Klatèn. Bisa njekolahaké anaké sing di-emi[2] ing H.I.S. Muhammadijah, kang guru-guruné pada wenang nduwèni hak mulang ing ngatasé pranatan dèk djaman semana.

M. Sastrawige
setitik, apa mané
kèlingan setitiki
tukul panariman
wis krasa nggre
aku kaparingan
hemmmmm gena
boten sungu. Sali
tinimbang bajara
kudu pantes, lah
anak-anaké wong
mundak tjilik ati
momongan sidji
kurang sawidji a

Ing nalika iku
Rp. 5,— tinimbar
bako. Malah ad
kanti blandja Rp.
kari Rp. 24,— dj
sekolah Rp. 4,—
mangan wong sa
kudu semono kuw
ing kampungé. U
lan lija-lijané. M
mau, djer pengar
uriping anak in
tokaké sekolahé,
anaké bisaa mèl
kono.

Lah wong ja a
M. Sastrawigena
bareng wis kleb
lak-alik buku
sing nglangut.
sekolahmu. Ur
uripé wong-tuwa

PERPUSTAKAAN NASIONAL

M. Sastrawigena jèn ngèlingi wragading sekolah sing ora setitik, apa manèh jèn sekolahé bisa luwih saka H.I.S. bandjur kèlingan setitiking pametuné, lah wong mung Djurutulis. Nuli tukul panarimané. Gagasané: „Anak sidji lagi wiwit sekolah, wis krasa nggregel wragadé, malah satemené ngaja. Dadi jèn aku kaparingan momongan loro-telu, munggahé papat lima, hemmmmm genah ora bisa njembadani, dadi aran kebo kaboten sungu. Salijané bajaran ing sekolahan H.I.S. tikel matikel tinimbang bajaran sekolahan angka loro, sandangan sadinané kudu pantes, lah wong kumpulané putra-putra prijaji utawa anak-anaké wong sugih. Jèn ora dipepantes mesakaké botjahé; mundak tjilik atiné, rikuh amor kantja. Panjuwuné muga-muga momongan sidji kuwi kaparenga lestari dadi momongan, ora kurang sawidji apa. Bisaa njambung turun ora nganti tjures.

Ing nalika iku blandjané M. Sastrawigena Rp. 25,— suda Rp. 5,— tinimbang dèk njambut gawé ana ing onderneming tembako. Malah adjaa duwé pangalaman, mesti ora ditampani kanti blandja Rp. 25,— mau. Blandja semono mau kang ditampa kari Rp. 24,— djalaran ditjengklong padjeg opah 4%. Wragad sekolah Rp. 4,— saben sasi. Dadi sing kanggo njandang lan mangan wong saomah Rp. 20,— sesasiné. Tjukup apa ora ja kudu semono kuwi. Iku wis kepétung kanggo ngrukuni bebrajan ing kampungé. Urunan ronda, pralénan, kelumrahan djagong lan lija-lijané. M. Sastrawigena nengenaké wragad sekolah mau, djer penganggepé mung iku, bisané ninggali lan njangoni uriping anak ing tembé. Diarah anaké adja nganti diwetokaké sekolahé, djalaran saka bajarané nunggak lan diarah anaké bisaa mèlu urun apa kang dadi pirukunané sekolahan kono.

Lah wong ja anak[2] kasèp, tur daman pisan, mula tresnané M. Sastrawigena sakloron menjang si dénok kasok. Apa manèh bareng wis klebu ing H.I.S. Jèn njawang nini putri lagi ngolak-alik buku watjan lan lija[2]né, wis tukul pangarep-arepé sing nglangut. Ing batin: Ooo, Nok, muga-muga bisa dadi sekolahmu. Uripmu bésuk bisaa kepénak, bisaa ngangkat uripé wong-tuwamu sing ana ing djurang mangkéné iki. Jèn

PERPUSTAKAAN NASIONAL

weruh anaké isih ana klas sidji, gèk nolèh pepestènė, tuwin ngèlingi umuré wis sèket eneman, M. Sastrawigena bandjur tjilik atiné. Umur sèket eneman iku wis tuwa. Wis akèh sudaning kekuwatané. Mangka wong tuwa itu menjang ngendi parané. Mesti njedaki adjal. Angger gagasané tekan kono, wah sedihé ora djamak. Atiné ora kena kanggo nglotjita. Angglambjar ora karuwan parané, pinda kindjeng tanpa sotja. Tudjuné M. Sastrawigena iku wong lumrah. Kaja lumrahing wong, gampang salin gagasan sing tukul, bandjur dadi selingané gagasan sing uwis. Dadi sedihé mau ija bandjur kesusul panglipur utawa pamupus, salah sidji. Éling ana pitutur jèn pati iku ana ing astaning Allah. Manungsa ora bisa métung. Apa déné ja njumurupi kanjatan, wong sing katon urip kepénak: tjendak umuré ora kurang. Kosok-baliné, wong sing urip katon tjingkrang, djebul umuré dawa. Paseksèn mengkono mau nenangi pangarep-arepé M. Sastrawigena, bisaa dawa umuré, menangi mentasé anaké wédok sing ontang-anting mau.

Ing wajah bubar asar M. Sastrawigena udut nglepis ngadep wédang. Sing wédok ana sandingé nglinting rokok klobot, kanggo isèning slepèné sing lanang. Wis sawetara dina M. Sastrawigena bali udut rokok klobot, amarga watuké rada nggigil, ora matuk jèn nerusaké rokok uwur. Arep medot disik babar-pisan, supaja watuké nuli mari, rumangsané ora ketjonggah. Sadjroning pada lelinggihan mengkono mau M. Sastrawigena rerasan: „Ibuné, kowé mesti ja seneng kaja aku, déné si dénok klebu sekolah ing H.I.S. Muhammadijah. Kepriję ibuné, supaja senengé iki lestari.

Ibu: „Ja sekolahé karebèn terus, nganti tamat: ngono. Olèh diploma."

Bapa: „Kowé kuwi ora njandak menjang karepku ané. Bab terusé olèhé sekolah, iku mesti diarah. Senengé pantjèn mengkono, nanging bisané mengkono rak kudu ana ragadé, tur kudu adjeg. Lah sing kudu dipikir kuwi ja bab wragad iki. Sekolahé anaké déwé iki tegesé undak-undakan ragad, setitiké Rp. 4,— sesasi. Mangka pametuné déwé iki tetep baé."

Ibu: „Bapakn
rak duwé begdj
begdjané."

Bapa: „Wang
Lah, mangka ur
saiki perlu dire
jektiné, begdja
ngragadi anak.
iki bisa olèh du

Bu Sastrawig
durung nemu a
katon tamban, d
sawetara olèhé
„Arep tjetjèkèr
wiwit djam 7 és
Bu Sastra kaja
pakné, aku tak
gading anak."

Bapa: „Ora,
Kowé wong ja w
gawé apa-apa, s

Ibu: „Giri lus
béda. Sing uw
ora bisa sélak. K
ngarep kono. K
Dodol ana ngor
manèh mung m

Bapa: „Kang
kudu duwé paw

Ibu: „Sing d
arep diubengak
pawitan. Nemp
barang. Sésuk

Bapa: „Lah
durung ana sir

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Ibu: „Bapakné kuwi teka tjilikan atèn temen. Botjah kuwi rak duwé begdja ḍéwé. Ora kurang marga jèn si Ḍénok ana begdjané."

Bapa: „Wangsulanmu bener. Bener sing bisané sumarah ṭok. Lah, mangka urip iku ora kena tinggal setijar. Setijar iku sing saiki perlu dirembug, murih anaké olèh begdja mau. Gelar jektiné, begdja sing paḍa dirembug, paḍa arupa ḍuwit, kanggo ngragadi anak. Keprijé ibuné panemumu, supaja awaké ḍéwé iki bisa olèh ḍuwit adjeg, salijané blandja."

Bu Sastrawigena meneng baé, durung sumambung, sadjak durung nemu akal kanggo mangsuli. Olèhé nglinting rokok katon tamban, déning disambi mikir pitakoné Pak Sastra. Rada sawetara olèhé paḍa meneng. Pak Sastra bandjur tjlaṭu lirih: „Arep tjetjèkèr lijané: awak wis lojo. Wong tuwa njambut gawé wiwit djam 7 ésuk tekan djam 5 soré." Bareng krungu uni iki Bu Sastra kaja olèh wewengan. Sanalika sumambung: „Ija, ija pakné, aku tak tjantjut. Isin, isin apa. Nijat-ingsun golèk wragading anak."

Bapa: „Ora, nijatmu nijat apa. Arep njambut gawé apa? Kowé wong ja wis tuwa ngono. Apa manèh durung tau njambut gawé apa-apa, salijané ngubengaké kajané wong lanang."

Ibu: „Giri lusi djanma tan kena ingina. Papan empané wis béda. Sing uwis-uwis rak durung mikir anak sekolah. Saiki ora bisa sélak. Kudu mikir. Suk embèn tak adol sega guḍang ana ngarep kono. Kanggo djadjal-djadjal adang 3 beruk baé ḍisik. Dodol ana ngomahé ḍéwé baé nalaré rak ja ora rekasa. Apa manèh mung mligi sega guḍang."

Bapa: „Kanggo pawitan apa ta ibuné? Dodolan iku rak ja kudu duwé pawitan."

Ibu: „Sing dianggo pawitan ja pangané ḍéwé. Blandja sing arep diubengaké kanggo pangan, salong dienggo ḍisik, dienggo pawitan. Nempur, tuku bumbon, tuku djanganan, ja tuku kaju barang. Sésuk tak wiwit blandja."

Bapa: „Lah jèn ana bubruké prijé? Mesṭiné lagi kawitan durung ana sing weruh."

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Ibu: „Bapakné kuwi olèhé tjilikan atèn kok kebangeten. Setijar kuwi jèn wis dipikir mateng adja wedi. Déné wis setijar mangka begdjané ora ana, lah ja wis, ora dadi apa. Bapakné kuwi ora tau krungu gunemé bakul ratengan: djaré jèn bubruk, punuk. Ora paju ja dipangan ḍéwé. Dadi daging marakaké lemu. Mulané aku arep ndjadjal adol sega guḍang kuwi, rak wis tak pikir, trima pawitan seṭiṭik, tur bauné ora kakèhan. Karo manèh mung telung beruk, jèn ora entèk didol, rak ja kena dipangan ḍéwé."

Bapa: „Wé, lah, kudu tangi ésuk jèn ngono. Djam papat ésuk kudu wis tangi. Gèk aku bisa ngréwangi apa?"

Ibu: „Ora kurang sing kena diréwangi. Réwang: turu soré. Wiwit sésuk soré ora susah mapan turu ngentèni beḍug bengi. Djam 9 soré kudu wis tutup lawang, gèk mapan turu. Bubar mangan soré paḍa peṭik-peṭik djanganan, sing arep di-enggo guḍangan, karo njuwèki goḍong sing kanggo wungkus. Jèn wis subuh gèk paḍa tangi ngratengi. Kowé maruta krambil, aku sing adang njambi nggoḍog djanganan. Djenengé ngiras laku pakné."

M. Sastrawigena rada owel turu soré. Rasané kaja dikon bali dadi botjah. Karo kudu rikuh menawa dirasani tangga, ora lumrah déné isih soré èntèh kok wis tutup lawang. Salijané iku, djaré turu soré iku marakaké sebel; ngedohaké redjeki. Ing bab iki M. Sastrawigena kepeksa ngalah. Ngalah dikrawus ibuné genḍuk. Djaréné: puluh melèka bengi, jèn melèk mung omong kosong, olèhé ja mung ngentèk-entèkaké rokok karo wédang. Jèn ora mengkono ja lelamunan utawa lalawora. Béda karo melèké sing paḍa njambut gawé, nunggu dagangan apa kantoran, asilé bisa genah.

Bapa: „Apa ora dièsemi uwong ta ibuné, kaja awaké ḍéwé iki jèn isih soré wis tutup lawang.Wong wis paḍa sèket taunan kepara keliwat."

Ibu: „Dièsemi ambok ja bèn. Sing ngèsemi kuwi rak ora ngerti butuhé kéné. Purba-wisésa rak ana awaké ḍéwé kéné. Abot endi dièsemi wong ora ngerti, karo ora bisa ngragadi anak?"

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Bapa: „Wah, dudu pilihan kuwi ibuné. Ngono kuwi djenengé mèpètaké aku. Gelem ora gelem djam 9 kudu tutup lawang. Apa ana wong ora abot marang anak? Apa manèh anak daman kaja awaké ḍéwé iki."

Ibu: „Nah géné ja wis ngerti. Aŏja kedjeron tampa lo pakné. Tembung mèpètaké kuwi tumrap aku-kowé, wong djedjoḍoan, ora ana. Sedyaning atiku, pamilih mau bisaa gèk paḍa ngrampungi sing gembleng, tanpa malang tumolèh. Mengko jèn ora mengkono, ana kalané aku wis mapan turu, gèk bapakné nampani dajoh, mung sanjegah turu soré. Aku dikon kleṭek-kleṭek. Ésuké rak sida kerinan. Gedandapan olèhé njambut gawé. Betjiké apa wong njambut gawé gedandapan, ora bisa tertip. Sisip-sembiré olah-olahanku salah rasa; matèni pangan."

Bapa: „Mantep temenan ibuné kuwi. Kira-kira baṭi pira ta ibuné?"

Ibu: „Kaja dongèng santri kurès. Durung apa-apa wis ngétung baṭi, wong sedyané arep golèk wuwuh kanggo bajarané anak, angger wis olèh kuwi rak ja wis tjukup. Kalah tjatjak menang tjatjak, suk embèn keprijé."

Bapa: „Aku satemené ija mikir awakmu. Jèn ora kuwat? Iki sing aku mengeng."

Ibu: „Nijaté dikentjengi. Wong iku jèn mempeng, adaté ṭukul kekuwatané sing njolong peṭèk. Karo manèh jèn sakira olèhé dodolan iku urup, njambat si Nem rak ja bisa. Si Nem iku rak èntèngan."

Bapa: „Maṭuk aku ibuné. Bismillah aku sésuk soré wiwit ngréwangi kowé."

Rembug olèhé arep adol sega guḍang, kanggo golèk ragading anak, wis bunder. Dina embèné Bu Sastra sida adol sega guḍang. Djam 6 ésuk wis tata ḍasar. Tangga kanan-kéring paḍa kulina tuku sarapan, paḍa ndjadjal tuku mrono. Sing paḍa nembung utang, nadyan ta mung sak sèn rong sèn ora diwènèhi. Bu Sastra pantjèn tjukeng ing bab iku, amarga sasat pawitan uripé. Tegesé sing dianggo pawitan dudu banḍa mirunggan; njilih saḍijan pangané. Jèn ta silihan iku disilihaké,

PERPUSTAKAAN NASIONAL

dagangané mesṭi ora bisa mlaku. Nah, malah kapiran kapirun gaga ora matun, kebo ora nuntun. Ora sida olèh ragading anak, imbuh kélangan isining telak.

Pambagéning wajah kaja kang kasebut ing ḍuwur, apa déné olèhé genḍon rukon njambut gawé ditindakaké kanṭi sabar. Anaké wédok babar pisan ora didumi gawé. Sanadyan ta mung peṭik-peṭik katjang utawa lembajung, lumuh ngatag anaké wédok mau. Suprihé karebèn mligi olèhé mikir sekolahé. Mengkono iku tumindak nganti geḍé. Temahané anak sing dinama-dama mau ora weruh ing gawé. Kaja uninging purwa-kanṭi, anak wédok ora bisa kelan lombok. Gawéan pawon ora ngerti. Olah-olahan ora weruh. Iki dadi pituna tumrap botjahé ḍéwé ing tembé buri. Bisané mung dadi wong sing dadi ladèn. Keṭukulan watak *Njonjah besar,* utawa *Bandara geḍé.* Wasis jèn mung *Weḍak-pupur.*

Kepénginé: si anak sekolahé gangsar: bisa keturutan. Bidjiné ora èlèk. Saben taun munggah. Tjatjadé ora weruh ing gawé, ora ngerti gawéan ngomah; djalaran ora diperdi. Kang kaja mangkéné iki ora krasa ing wong-tuwané karo pisan. Ing angen-angené angger sekolahé dadi, uripé mesṭi kepénak. Bisa ngingu batur satjukupé, kang kapatah nglagani pagawéan ngomah. Ing pangénṭa-énṭa, botjah pinter iku oraa njambut-gawé ḍéwé, mesṭi paju laki „wong blandja geḍé", sing lumrahé ngepénakaké wong wadon. Ing batin wong-tuwané setengah ngrasa:" Anggonku njambut-gawé ringkel dingkel tak sanggané ḍéwé. Si Ḍénok ing bésuk karia mukti, mangan-turu, weḍak pupur."

4. SINTA

Ing ngarep wis disebut seṭiṭik, jèn M. Sastrawigena iku duwé piandel menjang lelembut, bisa tetulung kang dadi panjuwuning wong. Iku ora ateges jèn M. Sastrawigena wong nembah marang brahala. Uga ora ateges jèn M. Sastrawigena gugon-tuhon kaja wong Djawa ḍèk éwon taun kepungkur. Mas Sastrawigena klebu wong Islam, nanging dudu mutihan. Tegesé ora nindakaké

rukuning Islam
kalimah sahada
lumrahé diaran
ngerti apa djak
hadji. Setaun s
bajar padjeg m
tjajaning wong
nging mung dja
ngandelé mara
nglestarèkaké
Embah-embah ḍ
Ngowahi adat d
M. Sastrawigena
„owah gingsirin
naluri. Dadi o
mengkono iku
kapitajan iku
ainul jaqin, ka
djembar, djero

Nalika lairé s
rang Kjai Pan
pira? Wukuné a
neng, didjenenga
amarga tinemur
Ḍawuhé Kjai jè
sawaban ing na
Sinta, kang kat
Tjepak sanḍan
Kjai Panḍanan
panggeḍé ing
sing rawuh ing
banju bening (
neng mau diud
djanganan, dja
sepasarané mau
nèngi. Slameta

rukuning Islam lelima kalajan ganep. Sing ditindakaké lagi kalimah sahadat. Ija wong kaja M. Sastrawigena iku kang lumrahé diarani wong abangan. Ora salat sembahjang, ora ngerti apa djakat iku, ora ana angen-angen kepéngin ibadah hadji. Setaun sepisan mèlu-mèlu bajar pitrah, kang anggepé bajar padjeg marang sing Maha Sutji. Warna-warna kapertjajaning wong abangan mau. Ora kok ngandel saka jakin, nanging mung djalaran saka naluri. Ngandelé marang lelembut, ngandelé marang dina ala lan betjik lan lija-lijané, mung nglestarèkaké piandelé leluhur ḍèk djaman dja-madjudja. Embah-embah ḍèk kuna-makuna mengkono, saiki ja mengkono. Ngowahi adat djaré ora ilok. Lah ora ilok iku banget diwedèni. M. Sastrawigena kala-mangsa ja guneman migunakaké tembung „owah gingsiring djaman", nanging ora ketug ing bab owahing naluri. Dadi ora tekan ing kapitajan lan kajakinan. Kang mengkono iku mèmper, djalaran sing akèh-akèh wong duwé kapitajan iku ora lumaku ing dedalan chakkul jaqin tuwin ainul jaqin, kang dedalan loro mau kudu kanṭi ngèlmu sing djembar, djero lan ḍuwur.

Nalika lairé si Ḍénok, M. Sastrawigena njarawèdèkaké marang Kjai Panḍanan ing Djatinom. Neptuné anaké ketemu pira? Wukuné apa? Lan sapituruté. Malah ija disuwunaké djeneng, didjenengaké sapa? Kjai Panḍanan maringi djeneng Sinta, amarga tinemuné pétung ambeneri wuku Sinta, ḍèk dina lairé. Ḍawuhé Kjai jèn didjenengaké mengkono, insja Allah bisa kesawaban ing nama. Karepé: si Ḍénok ing tembé kaja Dèwi Sinta, kang katjarita ing lajang Rama, kuwat dititisi bok Sri. Tjepak sanḍang-pangané. M. Sastrawigena mituhu wetjané Kjai Panḍanan mau, awit ḍèk semana Kjai lagi kombul. Para panggeḍé ing Kedjawan Surakarta lan Ngajogjakarta akèh sing rawuh ing kono, perlu njarawèdèkaké sarira utawa golèk banju bening (pepaḍang). Si Ḍénok didjenengaké Sinta. Djeneng mau diudjubaké nalika sepasaré baji. Dislameti sega djanganan, djadjan-pasar karo djenang abang, sanadyan sepasarané mau wis djagongan bjar-bjaran, ḍahar étja diklenèngi. Slametané mau ija mung tumindak ngleluri baé. Ora

PERPUSTAKAAN NASIONAL

dipikir, jèn slametan kang mengkono wudjudé mau satemené mung wewarah ngepjakaké djeneng, bisa tjlimèn baé, ora perlu ngaja, wragadé olèhé utang[2]. M. Sastrawigena ora ngèlingi kareping wewarah tjlimèn mau. Mula nalika bajiné Sinta, M. Sastrawigena kedjendelen utang, kanggo mahargja olèhé pinaringan momongan. Kang mengkono mau M. Sastrawigena ḍéwé, mengkono uga mitra karuhé paḍa bungah. Bungah bungahing ati déné pinaringan momongan. Ora sida tjures. Djendelaning utang dianggep dudu barang-barang. Gampang ditjitjil! Rahajuné Ḍénok Sinta adoh ing sarap-sawan, dadi kober nitjil. Upama kerep sawanen, rak sida kabotan utang temenan. Ora bisa nitjil, mung petjitjal-petjitjil.

Wong-wong sing mung weruh M. Sastrawigena sarimbit, mengkono uga wong sing mung weruh bareng Sinta wis rumadja-putri, mesṭi ora ngandel jèn Sinta anaké M. Sastrawigena. Ora kok djalaran kinira putu, nanging dikira anak angkat. Anané dikira mengkono, amarga rupa sarta dedeg-pangadegé Sinta ora mèmper karo M. Sastrawigena, lan uga ora mèmper karo Bu Sastra. Mitrané anjar sing maido, jèn Sinta iku anaké, diwènèhi katrangan mangkéné: „Sing maido kaja sariramu iku akèh banget. Ngandelé jèn Sinta kuwi anakku, bareng wis olèh paseksèn saka mitra-karuhku, kang djagong nalika bajiné Sinta. Éwadéné isih pada gumun, déné Sinta ora mèmper karo rupaku lan ija ora mèmper karo rupané ibuné. Gèsèhing rupa mau bok-menawa saka tumusing angen-angenku. Ḍèk tjilik aku nḍèrèk embah wédok. Nganti sédané embah wédok aku isih nḍèrèk. Sawisé iku aku lagi bali dadi pepangkoné bapa-bijung-ku ḍéwé. Prèdjèngané embah swargi kuwi kerep tjumiṭak ing panonku, nalikané aku njeḍaki umur sèket. Pantjèn ing nalika iku aku kerep nalangsa, déné embah barang mèlu ngurip-urip aku, ndadak tekan ing titimangsa mau aku kok sadjak tjures, ora duwé turun. Jèn embah meningi, mesṭi mèlu ngrasakaké panalangsaku, lan mesṭiné ija mèlu njetijaraké aku, supaja aku duwé turun, ora tjures. Kerep banget swargi embah gegawangan ing panonku. Praupané olèhé sadjak lantjap, dedeg-piadegé olèhé sadjak ngrondjé lan lija-lijané, iku

saben-saben kat
umurku ngantji
kuwi. Djiblès,
bapak."

Kawudjudané
bug, jèn Sinta r
M. Sastrawigen
„Ibuné, Sinta k
karepé ḍéwé. K
Sastrawigena
Di-gugu jèn ati
krungu uniné
mangsuli: „Pak
rak ja kena ba
umbar-umbaran
élik-élik anak r

P. S.: „Ibuné
ndjarem. Tutur
nging èwuhé ra
tjilik. Tutur ma
dèkaké nepsu."

B.S.: „Lah j
sadjagat, Ḍéno
Sing wadjib ngl
Lah kok karep
gunané wong-t
tjetjèkèr kuṭuk

P. S.: „Wah,
titisé éram. Olè
Sinta kena djil
keprijé ?"

M. Sastrawig
diterdjang wan

B. S.: „Anu
tjemèngé kaé,
apa ? Jèn ngor

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

saben-saben katon ngégla ana ing panjawangku. Djebul bareng umurku ngantjik 49 taun, kaparingan momongan ija si Ḍenok kuwi. Djiblès, embahné bujut. Ora kaja aku, turun werniné bapak."

Kawudjudané Sinta sing mengkono mau, kerep kanggo rembug, jèn Sinta rupané kaja embahné bujut. Kang mengkono mau M. Sastrawigena kerep kanḍa menjang sing wedok mengkéné: „Ibuné, Sinta kuwi togna baé. Wong samobah-polahé kuwi dudu karepé ḍéwé. Kuwi rak karsané embahné bujut." Kanḍané M. Sastrawigena iku kala-kala di-gugu, kala-kala di-wantjahi. Di-gugu jèn atiné ḍong lega. Tau kedadéan, bareng Bu Sastra krungu unine sing lanang kaja mengkono manèh, bandjur mangsuli: „Pakné, kowé kuwi kebangeten. Wong djeneng anak rak ja kena baé di-kanḍani. Apa ija ana ta anak di-umbar umbar-umbaran. Lagi weḍus baé ana pangoné, lakok bijung élik-élik anak mesṭi ora olèh. Tenèh aèng."

P. S.: „Ibuné iki kaja djago Sijem, angger ngabruk rasané ndjarem. Tutur, wewarah, mulang-muruk iku kena baé. Nanging èwuhé rak ana ta Ibuné. Sing dituturi kuwi dudu botjah tjilik. Tutur mau betjiké sing rasa pamrajoga, supaja ora ndadèkaké nepsu."

B.S.: „Lah ja kuwi éwuh kok gawé ḍéwé. Takokna wong sadjagat, Ḍénok kuwi rak botjah. Bapa-bijungé aku kowé. Sing wadjib ngleliṭing, sing wadjib nggulawenṭah ja aku kowé. Lah kok karepmu „Sinta kuwi kon ngetogaké baé" Bandjur gunané wong-tuwa iku gèk apa ! Mangka babon baé marahi tjetjèkèr kuṭuké. Bèbèk marahi nglangi meriné."

P. S.: „Wah, ngandel aku olèhmu patohan. Jèn ndjiling titisé éram. Olèhku ngélikaké kowé kuwi rak ja kuwatir jèn Sinta kena djilingmu ta Ibuné. Mengko jèn atiné pepes gèk keprijé ?"

M. Sastrawigena durung nganti nutugaké wangsulané, wis diterdjang wangsulan, tur ketara olèhé notol.

B. S.: „Anu ta pakné, jèn kowé weruh kutjing nggonḍol tjemèngé kaé, dianggep paḍa karo jèn nggonḍol tikus kaé, apa ? Jèn ngonoa djenengé rupak pandelengé. Ora bisa mbé-

dakaké endi nggondol sing kanṭi katresnan, karo endi nggondol sing memungsuhan. Kowé kuwi genahé ora muḍeng unineé saloka: „Sagalak-galaké matjan, mangsa kolua mangan anaké." Aku ko-kuwatiraké mepesaké atining anak. Wis mesṭi ora! Wong-tuwa kuwi samuna-muninéé marang anak, sing dikarepaké rak murih betjik. Endi ana botjah ditogaké baé bisa dadi betjik."

M. Sastra olèhé ngrungokaké karo manṭuk-manṭuk, kepranan gunemé ibuné Sinta. Durung tau ibuné Sinta bisa guneman ngratjik, kaja uwong mangan sekolahan. Mangka genah ora ngerti pa pintjang. Kabèh kang dikanḍakaké barang padinan, tur angger wong paḍa weruh lan ngerti. Mung bisané nata, nganti ora kena diunggahi, iku sing ndjalari M. Sastrawigena manṭuk-manṭuk kepranan. Ing batin, gunemé ibuné Sinta ja dianggep dudu sebaéné. Njolong peṭèk. Ora kaja adat-saben. Olèhé sumambung M. Sastrawigena mak tjlemong. Dudu unining pikir, nanging unining ati.

P.S.: „Kabèh mau kaluhuran sabda, ibuné. Hehhh, kowé kuwi djebul suwé-suwé kaja baṭok bolu isi madu. Bener udjaring wong, mustika iku tinemuné ing sadjroning watu."

B.S.: „Lah, bapakné iki ngombèni, apa njekoki. Andjundjung apa ngentebaké? Wong tuwa kok di-ompak. Rumangsané aku iki wong geḍé apa keprijé, kaṭik ndadak diempani „kaluhuran sabda." Ambok blaka-suta baé, barès-kurès: „Bener kowé ibuné," wis rampung. Kaṭik malah di-onggrong pisan, di-dadèkaké baṭok bolu isi madu, di-paḍakaké musṭika. Kaja wong nglindur."

M. Sastrawigena gumun njekikik. Gunemé kang tulus ing ati diarani ngompak, ngonggrong. Di-unèk-unèkaké nglindur kuwi sing marahi kudu gumuju. Ngerti jèn wangsulané njlemong mengkono mau ora mapan. Jèn ta mapana, empané mesṭi ora nggrondjal ora ana wong ndjola, rumangsa diompak. Nanging batiné, ja kaja tjlemongané kuwi olèhé ngakoni kasoran.

P.S.: „Nèk ngompak ngono ora. Ja ngono kuwi unining atiku sing mulus. Kowé arep keprijé-keprijé marang Ḍénok ja sakarepmu. Nanging sing ngarah-arah lo! Éling-éling anak

mung sidji. Ak
guruné. Ana ng
B.S.: „Guru k
jèn ana ngomal
djiban rak ja b
P.S.: „Bener,
ngomah aku pa
arah! Atiku iki
Embuh ta, rasa
titisané embahn
Gumelaring p
betjik tumrap
ana tunggalé. D
pukdji marang
bapa-bijung ma
luwihing pange
Kala; jaiku dadi
nalikané isih bo
saka budidajan
mung dadi wong
budi, ora ngant
Kapinḍo: M.
senenging atiné
taha-taha. Kase
jitnan. Kurang
djur kaja prau
botjah wadon m
dudu iku kang
wong-tuwa. Bu
turé ija mung si
pané tumrap bo
Alam pikirané
ing abad 19.
Kateluné: kaj
embahné bujut.
Wedi jèn Sinta

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mung sidji. Aku ḍéwé, jèn bab wuruk wis mangsa boronga guruné. Ana ngomah botjah karebèn bombong atiné."

B.S.: „Guru kuwi rak mung ana sekolahan ta pakné. Lah jèn ana ngomah seling-surup utawa sasar-susur, sing kuwadjiban rak ja bapa-bijungé".

P.S.: „Bener, bener. Ana sekolahan aku pasrah Guru, ana ngomah aku pasrah kowé. Bali manèh welingku, sing ngarah-arah! Atiku iki rasané ora ketjonggah, jèn arep élik-élik Sinta. Embuh ta, rasané atiku kok mantep temen, jèn Sinta iku titisané embahné bujut."

Gumelaring pikiran kang kasebut ing ḍuwur, malah ora betjik tumrap Sinta. Kapisan: botjah ontang-anting, ora ana tunggalé. Dadi katresnaning bapa-bijung mesṭi baé kasok pukdji marang Sinta. Iku aḍakané ngilangaké kawaspadaning bapa-bijung marang anak. Ora meruhi kuranging pamardi, luwihing pangela-ela. Satemah sianak dadi pakané Beṭara Kala; jaiku dadi botjah bubrah ing pamburiné, amarga kogung nalikané isih botjah. Bubrahé, déné sing mesṭi ora bisa urip saka budidajané. Wis aran begdja, jèn botjah ugungan iku mung dadi wong kesèd, lumuh ing gawé. Begdja, jèn lalining budi, ora nganti dadi wong murang sarak.

Kapinḍo: M. Sastrawigena iku kasèp olèhé anak-anak, dadi senenging atiné marang Sekaring Keḍaton mèmper baé ora taha-taha. Kasenengan kang mengkono iku bisa njuda kaprajitnan. Kurang prajitna olèhé mulang anak. Sianak bandjur kaja prau ing segara, lakuné gumantung ombak. Tumrap botjah wadon mono bakal urip swarga nunut. Mangka mesṭiné dudu iku kang disedya. Pamudjiné bisaa mukti, muktèkaké wong-tuwa. Bu Sastra kala-mangsa élik-élik, nenuturi. Pituturé ija mung sipat naluri utawa tata-ngadat, dadi kurang mempané tumrap botjah sing wis kedajan panggula-wenṭah Eropah. Alam pikirané Sinta wis kena sunar ing abad 20, déné ibuné ing abad 19.

Kaṭeluné: kaja kasebut ing ngarep. Sinta dianggep titisaning embahné bujut. Lah, iku keliru, wong-tuwa wedi marang anak. Wedi jèn Sinta moṭah. Wedi jèn Sinta nepsu. Lali jèn ngèlmu

pangula-wenṭah anduwèni karep: „Tjaplak anḍeng-anḍeng, jèn ora prenah panggonané, ja diiris". M. Sastrawigena ora wani ngiris tjaplak lan anḍeng-anḍengé sing dadi bebasan mau, nadyan ta weruh. Kang mangkéné iki isih akèh kang ditindakaké déning wong, djalaran saka kurang weruhé pamardi. Upama Sinta olèh kemuḍi betjik ing omah, tinimbang betjiké karo pamerdi ing pamulangan, ana uṭuté bisa dadi botjah gambèn. Rèhning ora mengkono, peṭingané Sinta mung sregep sinau. Sregep ing gawé: ora; djalaran ora diperdi Pituna kang mengkono, ora kegambar ing angen-angené M. Sastrawigena sarimbit, kepriję olèhé omah-omah Sinta ing bésuk.

5. DJAGONG TETAKAN

Ing dina Ngaad djam lima ésuk Sinta wis tangi. Iki kadingarèn banget. Adat saben jèn Ngaad utawa dina geḍé tanginé meṣṭi wis awan: ngenṭong-enṭong. Jèn djam pitu ésuk gelem tangi iku wis aran sregep. Déné ing dina lumrah, lumrahé botjah paḍa sekolah, tanginé kaja didjami, djam enem. Généa dina Ngaad mau bisa tangi ḍéwé djam 5 ésuk, mbarengi bapa-bijungé sing arep olah sega djanganan, dodolané. Amarga semajan karo kantjané, arep djagong tetakan menjang Karanganom. Lagi teka djog saka sekolahan ing dina Setuné, Sinta wis kanḍa kemruwuk menjang wong-tuwané, diundang kantjané sing tetak. Sangaté rès djam 7 ésuk. Sinta sakantjané dikon teka djam 6.30. Olèhé arep paḍa djagong pit-pitan. Sing ora duwé pit arep gontjèngan. Sinta ja arep digontjèngaké, amarga ora duwé pit. Bapa-bijungé ndjurungi baé, nadyan ta ḍèk semana Sinta wis agal, wis ngantjik klas 5. Mangka sing arep nggontjèngaké kantjané lanang klas 7 tunggakan. Bapa-bijungé durung tau weruh menjang botjah lanang sing arep nggontjèngaké mau.

Sinta tangi turu terus adus. Kedjaba keprungu swarané bjar-bjur, uga keprungu swara ngesas-ngeses sadjak ndroḍog kaḍemen. Anané mengkono, amarga kulinané jèn adus sre-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngéngé wis ḍuwur. Krungu olèhé ngesas-ngeses mau M. Sastrawigena olèhé marut krambil enom karo klesak-klesik ngrasani: „Ibuné, rungokna anakmu kaé, sadjaké kaḍemen". Olèhé klesak-klesik mau sadjak karo ketjemutan mèsem. Bu Sastra ora mangsuli, mung manṭuk baé, ija karo mèsem-mèsem. Ngetarani jèn karo pisan paḍa bungah. Olèhé kringkel-dingkel dilakoni kalawan leganing ati, saka ngèlingi kuwadjiban ngragadi anak. Bareng Sinta bubar adus, mlaku sanḍing wong tuwané isih ngesas-ngeses kaḍemen, Bu Sastra tjlaṭu lirih: „Jèn kulina tangi wajah subuh, ora krasa aḍem." Sinta krungu klesak-klesiké ibuné, nanging ora sambung. Pikirané gèk ndang dandan, ndang mangkat. Sanḍangané sing arep kanggo djagong wis ditjepakaké ḍèk soréné. Éwadéné olèhé dandan luwih suwé tinimbang adat saben. Olèhé djungkatan, olèhé masang pita lan lija-lijané, diapik-apik tinimbang lan padinané. Karepé bèn manglingi; kantjané bèn tjingak! Roké, ngisor kapuranta polos, déné nḍuwur ḍasaré idjo pupus nganggo kembang mèmper mekroking menur. Senengané Sinta ṗantjèn warna enom. Pupuraně lelamatan. Karepé, olèhé ireng karebèn dadi manis. Bisané dandan tuwin manisé kuwi, sing ndjalari olèh paraban Rara Ireng ana ing sekolahan. Tur gunemé ja klemak-klemèk pisan.

Durung nganti djam 6 kantjané sing arep nggontjèngaké teka, ngampiri. Sinta ngatjarani kanṭi manis ing ulat: „Ajo mlebu ḍisik. Pité sèndèkna kono."

Sadjarwa: „Ajo terus mangkat. Mengko munḍak kèri." Wangsulané mau sadjak kesusu.

Sinta: „Ééé réné ta ḍisik. Ana perlu kok. Kéné, kéné aku wong wis diḍawuhi Ibu kok."

Sadjarwa krungu tembung „di-ḍawuhi" mau atiné rada kagèt. Gèk di-ḍawuhi apa? Saka kepénginé weruh ḍawuhé, pité bandjur disèndèkaké sanḍing lawang. Di-tinggal mlebu karo pitakon: „Didawuhi apa?"

Sinta: „Di-ḍawuhi sarapan ḍisik, jèn arep mangkat. Iki apa, wis ditjawisaké. Aku sidji, kowé sidji. Aku ja wis rampung kok, kari sarapan."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sadjarwa: „Tiwas rada kagèt. Kiraku ora kepareng. Djebul di-ḍawuhi sarapan. Nanging mengko gèk kasèp. Menjang Karanganom apa bisa setengah djam."

Sinta: „ Mulané ajo gèk paḍa mangan. Karebèn rosa olèhmu nggendjot. Isia wetengé, nanging adja nganti suduken."

Sadjarwa: „Nanging mengko sing nggontjèngaké gèk munḍak aboté."

Sinta: „Munḍak mung sapiring tjèpèr baé kok. Wis ajo gèk di-pangan ḍisik".

Botjah loro paḍa bareng mangan. Segané manget-manget, djangané ja manget-manget. Olèhé mangan ketara rahab lan ngrasakaké olèhé énak. Karo pisan ora ana sing guneman. Ḍèk semana Bu Sastra ngrampungaké oléhé tata-tata dodolané. Déné M. Sastrawigena ngombé wédang ana ing buri. Weruh botjah loro mangan bareng, sanalika ngudarasa: „Ṭik rukun temen. Apa djalaran ora duwé sedulur kuwi? Andèkna kok durung tau di-kon dolan réné".

Bubar mangan, tanpa njingkiraké adjang karo tjangkiré, Sinta pamit karo mangkat: „Pak, Bu aku arep mangkat". Sadjarwa njaruwé: „Kowé kuwi pamit kok kaja ngono". Tjlaṭu mengkono kuwi karo menjang lawang ndjero. Bareng weruh prijaji kakung sepuh bandjur matur: „Pak, kepareng njuwun pamit. Ibu pundi?"

M.S.: „Ibuné, arep dipamiti."

Bu Sastra mlebu ngomah karo tjlaṭu: „Adjeng mangkat nak?"

Wangsulané Sadjarwa: „Inggih Bu, njuwun pamit."

M. Sastra sarimbit mangsuli bareng: „Enggih, enggih nak."

Botjah loro paḍa mangkat gontjèngan; ḍèk semana wis djam 6 bener. Kantja-kantjané sing paḍa arep djagong wis paḍa ngentèni ing lataré ḍéwé-ḍéwé. Dadi olèhé kentjan kena di-arani netepi wajah. Ora susah mampir ngomah, bandjur paḍa mangkat ḍampjak[2] bareng. Kabèh ana pit 9, botjahé 10. Bareng ngarepaké tekan Sangkalputung ana sing takon: „Iki mengko metu ngendi? Njiḍat metu dalan Drana, apa terus metu Penggung?"

Kantjané mangsuli: „Emoh jèn metu siḍatan kéné. Njabrang

kaping pinḍo, k
Kantja lijané
njabrang luwih
Narajana mesṭi
Sadjarwa ru
Aku nggontjèng
lo. Apa manèh
sarapan ta? Pa
pawakané tjilik
bung: „Ajo ah
banget."
Ana botjah lo
„Mupakat, ajo."
Kabèh paḍa n
botjahé wadon
ndang tekan,
gupjuk olèhé r
amarga olèhé p
djam. Djam 6.
Botjah 10 mau
sesalaman karo
tjilik atiné.
Ana kantjané
ora ḍeg-ḍegan
baé."
Kantja lijan
paḍa maringi
Sidjiné manè
dadi tamba? A
ora krasa lara.
tuwin milih rè
wetuning getih
Ana sidji ma
kodrat. Lah w
Kowé mau rak
mengko ora la

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kaping pindo, kangèlan olèhé njopot sepatu."

Kantja lijané njambungi: „Sing nggontjèngaké kuwi jèn njabrang luwih rekasa. Mula ja pilih metu Penggung. Isih Narajana mesti kuwat. Wong ora nganti 10 km baé kok."

Sadjarwa rumangsa disemoni, sumambung semu ungas: Aku nggontjèngaké, kowé ora, ambak-ambak aku emoh kalah: lo. Apa manèh wis olèh sarapan. Kowé mau rak pada durung sarapan ta? Pada ngedjibaké suguh, ija apa ora? Kantja sing pawakané tjilik dèwé mèlu-mèlu guneman, nanging ora sambung: „Ajo ah rada disengkakaké, karebèn tekané ora trep banget."

Ana botjah loro-telu bareng mangsuli karo ngrikataké pité: „Mupakat, ajo."

Kabèh pada ngrikataké pité. Sinta mung meneng baé. Dasar botjahé wadon mung dèwèké dèwé. Pangarep-arepé mbok ja ndang tekan, gèk bandjur ana kantjané wadon, dadi bisa gupjuk olèhé rembugan. Pangarep-arepé nuli tekan: kelakon, amarga olèhé pit²an rada di-sengkut. Mèmper sepur: bisa plek djam. Djam 6.30 ésuk wis pada mlebu tarub netepi semajané. Botjah 10 mau pada nemoni Basir disik, sing arep tetak. Pada sesalaman karo mbombong, mengko jèn dong rès adja nganti tjilik atiné.

Ana kantjané sing kanda mengkéné: „Adja deg-degan ja. Jèn ora deg-degan ja ora krasa lara. Mung kaja jèn keperang kaé baé."

Kantja lijané njambungi: „Apa manèh jèn dajoh-dajohé pada maringi duwit, rasané perih ilang."

Sidjiné manèh nrondjol: „Ijak, kowé kuwi, apa duwit kuwi dadi tamba? Anu ding Sir, angger metuné getih ora akèh, ja ora krasa lara. Mulané sadurungé tetak, adaté adus kramas tuwin milih rès wajah ésuk, iku satemené golèk adem, dadi wetuning getih ora santer."

Ana sidji mak tjlemong: „Wah, ngetokaké wulangan ngèlmu kodrat. Lah wong wis klas 7. Nanging ja pantjèn ngono Sir. Kowé mau rak ja suwé ta olèhé ngedusi? Dadi ngandela jèn mengko ora lara."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sadjarwa munggel: „Kakèhan temen ukara. Aku iki wis nglakoni. Di-iris kuwi ja krasa, nanging mung sețițik. Karo manèh angger botjah, apa manèh botjah lanang, iku mesți wani lara, jèn larané ditetaki baé. Kowé kuwi rak ja lanang ta Sir.

Kantja-kantjané bebarengan mangsuli: „Lah, wong genah djeneng Basir, apa ja wadon?"

Ngarepaké djam 7 ésuk Pak Bong teka. Diatjarani sing duwé omah. Sawisé tata linggih lan bagé-binagé, Pak Bong nakokaké apa botjahé wis samekta dalah uba-rampéné. Bapakné Basir mangsuli, jèn kabèh wis sijaga. Uba-rampé kanggo ngrukti sawisé rès, ana sega țok, endog mentah, banju tawa, djeruk petjel, plonjo, wis disedijakaké, digawa kantja-kantjané sing tetak. Pak Bong diatjarani nuli tumindaka. Basir dikanți wong tuwa loro menjang krobongan panetakan, digrubjug kantja-kantjané. Sadurungé iku Basir diwuruki ngutjap kalimah sahadat. Ana ing papan penetakan, Basir dipangku wong tuwa lijané. Déné wong tuwa loro mau njekeli pupuné Basir sasisih éding. Pak Bong njepakaké bekakasé. Bareng wis mbukak lading, si Basir didekep mripaté, bandjur ditetaki Pak Bong. Pangirisé rikat banget, mengkono uga olèhé merban. Lah wong ja Bong weton pengadjaran dokter. Bisa ngarah-arah njingkiri otot gedé, supaja wetuning getihé sețițik. Mula nganti rampung olèhé merban, perihé durung krasa. Metuné saka panetakan si Basir diuntali endog mentah, bandjur diombèni banju tawa. Sawisé iku didulang sega țok sapulukan lan ija bandjur diombèni banju tawa. Kabèh mau kalebu sarat, supaja sing tetak tawa tawi tawar saka sawan tetak. Mengkono uga ditjekeli djeruk petjel dienggo ambon-ambon, iku ja adat, kang satemené bisaa tawar saka arusing getih. Dadi jèn nalika iku wis nganggo ambon-ambon lenga wangi, iku wis aran madju. Madju tumraping adat, ora ninggal adat. Wosé nawar ganda arus, olèh barang sing gandané luwih landep tinimbang djeruk petjel. Tetak ing bijèn-bijèn mung ditambani djapa, ing nalika iku ditambani manut ngèlmu Kedokteran, nganggo diperban barang. Ora bisa dirubung laler. Dadi ora bisa salah kedadèn.

Basir terus digawa menjang buri kelir, diturokaké ing kursi

males, sing dita
ana buri kelir
Kantja-kantjané
na-warna kang g
kidang; gèk gur
nganggo diselar
pada rembugan.
Sinta wis k
omahé ing Kara
ora nganggo ril
pinudju ngaso. I
gar-ger. Jèn don
sing demen waj
Kantjané: „O
Sinta: „Djata
Kantjané: „Ij
Dasamuka kaé,
Kantja lijané
kaé rak djalara
Djataju mangsa
Djataju ja ora
Kantja lijané
mèsem marem k
Sinta: „Emoh
ana sing nggont
Kantjané sing
kedèp: „Sssst, ss
Sadjaké krungu
bandjur disambu
Rama gandrung
Kaja kelumra
déning suguhé,
déning mardikan
kabèh bisa urut
bisa djenak. Ra
menjang among

males, sing ditatani bantal, karebèn empuk. Olèhé natakaké ana buri kelir mau, suprihé bisaa ènggar nonton wajang. Kantja-kantjané pada linggih ngupeng Basir, rembugané warna-warna kang gawé gambiraning ati. Kang dirembug plentjat-kidang; gèk guruné, gèk kantjané, gèk wajangé, gèk suguhané, nganggo diselani garap-garapan, mung amrih gupjuk olèhé pada rembugan.

Sinta wis ketemu kantja-kantjané sekolah, sing pantjèn omahé ing Karanganom. Nglumpuk pada botjah wadon, dadi ora nganggo rikuh-rikuhan. Olèhé omong-omong kaja murid pinudju ngaso. Ramé pating tjruwèt, gèk pidjer keselan gujon gar-ger. Jèn dong grétjok-grétjokan, Sinta digrétjoki kantjané sing demen wajang.

Kantjané: „Olèhmu kepetuk Djataju ana ngendi, Ta?"

Sinta: „Djataju apa?"

Kantjané: „Ija, étok-étok ora ngerti. Dèwi Sinta digondol Dasamuka kaé, ana dalan rak kepetuk Djataju ta."

Kantja lijané njelani: „Djataju mapagaké lakuné Dasamuka kaé rak djalaran krungu tangisé Sinta. Adjaa Sinta nangis, Djataju mangsa metukna. Lah Sinta iki rak ora nangis. Dadi Djataju ja ora metu."

Kantja lijané manèh: „Ija; malah patuté turut dalan mèsam-mèsem marem kaé ja."

Sinta: „Emoh, emoh aku, jèn diseman-semoni ngono. Adja ana sing nggontjèngaké, apa bisa tekan kéné aku."

Kantjané sing njelani gunem mau tjlatu manèh karo kedap-kedèp: „Sssst, sst. Adja seru2! Kaé lo Dasamukané nolèh mréné. Sadjaké krungu jèn dirasani." Olèhé tjlatu mengkono mau bandjur disambung slimuran: „Upama Basir mau milih lakon Rama gandrung, wah, ramé!"

Kaja kelumrahaning botjah, djagong iku seneng. Seneng déning suguhé, seneng déning tontonané, lan uga seneng déning mardikané srawungan. Gunem-sagunem, polah sapolah, kabèh bisa urut karo prentuling atiné. Mulané olèhé djagong bisa djenak. Rasa gembirané nutug. Kabèh rembug plajuné menjang among suka. Botjah 10 saka Klatèn kang katjarita

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing ḍuwur, djenak nganti djam lima soré, lagi paḍa pamit mulih. Kabèh paḍa ninggali pepudji, supaja sing tetak nuli waras gèk bisa sekolah manèh. Kantja-kantjané sekolah sing omah ing Karanganom, kabèh paḍa nguntabaké ḍajoh 10 mau, nganti tekan lawangan tjepuri. Sing diuntapaké lan sing nguntapaké kabèh paḍa ngawé-awé karo muni: „Slamet, slamet." nalika si ḍajoh wiwit nggendjot sepéḍané. Nganti sawetara dohé, tangané sing nguntapaké isih paḍa ngawé-awé lan ija karo muni: „Slamet, slamet" mau; déné sing mulih pit-pitan pidjer nolah-nolèh nimbangi. Kabèh nélakaké raketing pamitran, dilairaké nganggo tiru-tiru adating wong mantja. Tiru-tiru ora djalaran saka nijatingsun, nanging ṭukul ḍéwé, kang dumadi saka wulang kabudajan sumlempit ing H.I.S. Ing H.I.S. kono wiwiting kebudajan Eropah, luwih-luwih Welanda, rumasuk kanṭi resep ing sanubariné bangsa kéné. Ḍisiké mung ana tataran nḍuwur, wusana sumrambah ing bangsa kéné kabèh. Mula bener ḍawuhing wong mursid, sapa kang bisa adeg pamulangan andjrah, ija ḍéwéké kang nenangi kabudajan ing kono. Ija ḍèwèké kang wiwit ngowahi wanguning bebrajan dalah isi tuwin eneré.

Ulihé botjah 10 mau gantjang, amarga dalané muḍun. Tekané ing Klaṭèn bandjur mulih menjang omahé ḍéwé[2]. Mung Sinta sing perlu diulihaké nggontjèng.

6. NEPUNGI SADJARWA

„Lah kok nganti surup lagi teka ta Nok?." Mengkono anggoné mbagèkaké Bu Sastra menjang Sekaring Kaḍaton. Ḍèk semana satemené durung djam 5.30, éwa semono wis dianggep surup. Mratanḍani jèn banget olèhé ngarep-arep ulihé anaké. Mengkono iku mèmper, lah wong ja anak mung sidji. Dadi jèn ora weruh saawan baé, olèhé ngarep-arep nganti tjetjengklungen. Samenit rasané kaja sadina, iku jèn pisah. Krungu unine Bu Sastrawigena mau, Pak Sastrawigena njat ngadeg, menjang lawang ngarep karo muni sadjak ora didjarag: „Eh, botjah kok ora ngrasakaké sing ana ngomah. Ana dolan kok

PERPUSTAKAAN NASIONAL

nganti sedina muput. Pantjèna sadurungé bedug magrib rak ja mulih ngono."

Sinta mudun saka nggontjèngan karo mangsuli: „Sibu kuwi ora ngerti surup. Genah srengéngé isih ngono kok. Pitik isih pada saba kok djaré surup." Gunemé mau disambung èsem, kang bisa numusi pamareming atiné M. Sastrawigena sarimbit. Mula olèhé muni ora dibandjuraké, malah bandjur pada ngatjarani Sadjarwa: „Engga Nak mlebet krijin. Nok dajohé kuwi djakken mlebu réné disik. Wis tak tjawisi wédang kanggo tamba salit. Karo ja idep-idep ngaso, karebèn aring napasé."

Sinta ngadjak Sadjarwa, nanging Sadjarwa sadjak rikuh, mulané pangadjaké karo njurung-njurung setir: „Ajo ta Djar, mlebu disik sedéla. Mengko jèn wédangé wis ko-ombé sakarepmu. Arep mulih, ja muliha."

Unine Sinta mau disambungi bapakné: „Enggih Nak, mlebet krijin, kanggé nglegakaké atiné bapakné niki."

Sadjarwa olèhé mangsuli mak tjlemong: „Sampun wantjinipun ajam nganḍang: Bapak! Njuwun ngapunten, mangké mindak kedalon dumugi ing grija."

Ibuné Sinta metu saka ngomah, marani Sadjarwa karo sumambung: „Wah pinter njemoni Bagusé iki. Sinta melèhaké nganggo tembung: pitik isih pada saba, bandjur mélu-mélu melèhaké, sampun wantjinipun ajam nganḍang. Apa saka melèhaké kuwi ta bandjur ora kersa wédangku?"

Sadjarwa ngguju ketjemutan karo ndingkluk. Nijaté pantjèn arep terus baé, nanging bareng kataman tembung „ora kersa", ala duluné jèn ta ora ngleganana panggalihé Bu Sastra. Mula pité dituntun, disèndèkaké lawang karo muni: „Ibu iki jèn ngendika nenggel anjep. Lah wong paringé sarapan wédang dèk mau tak-entèkaké ngono, kok dadi dingendikaké ora kersa ngundjuk wédangku. Rasané sirahku kaja ketenggel, nanging rèhning sing nenggel prijaji sepuh, ja anjep baé rasané."

„Saja anjep mengké jèn empun ngundjuk wédang." Mengkono olèhé njambungi Bu Sastra karo gumuju njekakak.

Sadjarwa ija gumuju karo gèdèg², déning rumangsa kalah suk. Déné Pak Sastra karo Sinta pada nggeguju olèhé gineman

wong loro mau.

Sadjarwa: „Wah saèstu Bu! Saèstu saja anjep raosipun, nadyan ta pun wédang pijambak taksih manget-manget. Ajo Ta, wédangmu kuwi ja ombénen, karebèn kesawaban anjep kaja aku."

Bu Sastra: „Mulané nggih Nak, sing kerep dolan mriki, kadjengé asrep terus penggalihé. Nèk slirané kersa dolan mriki nggih keleresan. Dadi ana anakku lanang."

Sadjarwa rikuh nampani gunemé Bu Sastrawigena, rumangsa jèn diompak. Mula wédangé nuli dientèkaké, bandjur njuwun pamit: „Bu, Pak, kepareng njuwun pamit, sampun serap."

Pak Sastrawigena sarimbit mangsuli bareng: „Éé́é, mengké krijin. Ampun kesusu. Lah wong omahé Klatèn wis tekan Klatèn kok wedi kewengèn."

Sinta njelani: „Bapak karo Ibu kuwi rak kliru. Apa Sadjarwa kuwi botjah Klatèn, wong botjah Bendagantungan."

Bapakné Sinta sumambung: „Bendagantungan kuwi apané Klatèn? Wong karo Tjandi kéné rak mung elet Dokteran Tegaljasa. Pira suwéné nunggang pit rono. Mangsa ngantia 5 menit, wong botjah lanang."

Sadjarwa: „Éwa semanten keparenga njuwun pamit. Lah punika ta ajam-ajam sampun sami wiwit ngandang. Dados laré dolan inggih kedah mantuk."

Bu Sastra: „Pantjèn mloto kok: Pakné, si Anak iki. Olèhé pinter njembar-njembir kuwi. Enggih, enggih Nak, pitiké empun bener wiwit ngandang. Lah si Anak enggih empun mlebu ngomah ta? Boten Nak, sanès sing dirembug. Slirané niku putrané sinten ta? Srapatanku kok dudu botjah kéné."

Sadjarwa: „Leres Bu, sanès laré ngriki. Kula laré Bendagantungan. Dados laré dusun."

Bu Sastra: „Ampun srékalan ngoten ta. Ibuné niki takon tenan! Djogana kuwi Nok wédangé si Anak. Botjah kok mloto temen. Lagi weruh sepisan baé kok bisa njrékal."

Sinta ngèstokaké dawuh. Wédangé Sadjarwa didjogi. Wédangé numusi uninè kérata basa. Wédang: ngawé-awé kadang. Sadjarwa kaja diawé-awé kadang, ketjandet gunem kekadangan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pak Sastra: „Takèné Ibuné niku rak saka rumangsa kepotangan budi ta: Nak. Bungah-bungahing ati, déné Sinta mang gontjèngaké teng Karanganom wongsal-wangsul kanṭi wiludjeng."

Sadjarwa: „O, inggih sanget nuwun. Walèh-walèh punapa, kula punika anakipun Gitapradata."

Pak Sastra: „Lo, Ibuné! Bendagantungan kuwi apa ana sing asma Gitapradata."

Bu Sastra: „Gadjegé ora ana sing asma Gitapradata. Sinten ta Nak niku? Kalih dalemé pundi. Wong kula niki jèn prijaji sa-Bendagantungan mawon empun weruh kabèh."

Sadjarwa: „Bapak punika boten dedalem ing Bendagantungan. Dalemipun ing Purworedjo. Anggèn-kula wonten Bendagantungan punika, ndèrèk keleres ibu-alit."

Bu Sastra: „Sinten, sinten Nak, sinten." Pitakoné sadjak ora sranta.

Sadjarwa: „Ibu Setjapranata."

Pak Sastra: „Oooo, Radèn Ngantèn Asistèn: ta."

Bu Sastra: „Lah, keng rama pijambak ngasta napa?"

Sadjarwa: „Djeksa ing Purworedjo."

Pak Sastra: Keng rama asli seking pundi?"

Sadjarwa: Saking Sragèn. Nanging dawuhipun sampun dangu anggènipun kelunta-lunta. Dados kinten-kinten sampun kaṭah ingkang boten ènget."

Pak Sastra: „Ibuné, Purworedjo kuwi kabaré luwih gedé tinimbang Klaṭèn. Sekolahané ija luwih pepak tinimbang kéné. Mula kabaré akèh wong pinter-pinter sing asli saka Purworedjo. Mèmper jèn si Anak iki gunemé ija sadjak wilet."

Sadjarwa: „Nuwun sèwu, Bapak klintu. Kosok-wangsul. Barès kémawon, kala klas I dumugi klas V kula saged minggah-minggah. Sareng klas VI kula mblénto, mila ladjeng dipundèrèkaken ibu-alit punika. Ladjeng klas VII inggih kepeksa mangsuli malih. Kantja-kantja kula ingkang sami pinter sampun sami klas II Mulo."

Pak Sastra: „Anu kok Nak srapatan-kula, slirané niku nggih laré pinter kok. Kinten-kula ènten sabab lija, sing

marakaké mandeg niku. Dadi boten kok djalaran saka bodo."

Sadjarwa: „Sababipun mbokmenawi nakal. Tijang kula punika kakenan manah, gampil tukar-paben."

Pak Sastra: „Ja mèmper: Ibuné, wong dedeg-piadegé Ngakrasana ngono. Mengko jèn wis dadi Wasi Djaladara, wah pengpengan. Bisa dadi pradjurit linuwih. Anu ta nak. Ala-ala rèhning kula niki wong tuwa, mulané rékané nggih awèh piweling. Mang sok ngelus dadha. Jèn ati mrempeng gèk mang elus, dadhané niku. Undjal napas sing dawa. Betjiké napa, tukar padu kalih kantja. Kedjaba ta jèn kalih mungsuh. Éwa semonten sabetjik-betjikané memungsuhan, nggih betjik memitran."

Sadjarwa: „Nuwun Bapak. Kula dipun paringi piwulang. Sarèhning sampun serap saèstu, kula njuwun pamit. Wis ja Ta, mengko selak kewengèn, wong ora nggawa ting."

Pak Sastrawigena sakeloron apa déné Sinta najogjani, karo padha nguntapaké tekan ing lurung. Sawisé ndingkluk ngaturi hurmat, Sadjarwa njéngklak pité, mbandang mulih. Kang padha nguntapaké mlebu ngomah. Sinta agé-agé ndjupuk salin, bandjur adus. Déné Pak Sastra sarimbit bandjur lelinggihan karo rerasan grenang-greneng. Rerasan bab Sadjarwa.

Bu Sastra: „Pakné, botjah kuwi mau jèn ta nakala djenengé njolong petèk. Lah wong kétoké trepsila tur alus basané."

Pak Sastra: „Sirku dèwé jèn nakal ja ora. Nakal sing ateges kurang-adjar utawa ndugal, sirku ja ora. Ladak lirih iku pantes wong sing mbambang-awak lentjir rangkung[2], jèn miturut imam supinginé pantjèn ora kena ketjentok rembug. Ana rembug setitik baé, sing ora di-tjotjogi, gampang njeklèké, bandjur mutung. Djaré dèk mau kanda kerep tukar-padu, kuwi sababé mesti keslomot tembung. Lah atiné muntab, bandjur nantang, utawa wis mak plek. Lah ja botjah akèh. Mesti ora angger kantja ngerti sratènané. Bab gujon, sembrana, sok kebatjut dadi tangisan. Patuté olèhé ora munggah klas kuwi, saka kerep kagol atiné, bandjur muntab; wong rumangsa wis gedé, emoh wirang, gèk mundur isin. Muntabé kuwi marakaké pasinaon ora tjumantèl; utawa sok wegah sinau pisan."

Bu Sastra: „Kira-kira jèn mantep olèhé ana Asistènan, ja

bisa suda olèhé ladak-lirih. Wong Dèn Bei Sitèn kuwi sabar, pinter njratèni uwong. Saploké Kebonarum diasistèni Dèn Bèiné kuwi, udur bab banju rak suda, kabaré; mengkono uga bab kasèpan. (Kasèp anggoné pabrik nganggo lemah, dadi ora bali ing mangsané marang para gogol; kerep nukulaké parapadu, awit kantja gogol rumangsa kapitunan). Dalah Dèn Ngantèné Bèi saweruhku ja grapjak sumanak.

Pak Sastra: „Kiraku ja mengkono, amarga wong momoran iku mesti daja-dinajan. Sing mesti dajané Dèn Bèi karo Dèn Ngantèn luwih gedé, dadi menang daja tinimbang nak Djarwa kuwi. Karo manèh ing ngatasé putra Djeksa gelem didèrèkaké, iku wis pira-pira. Dadi ana ututé betjik. Jèn mung bab sekolahan baé Purworedjo kuwi akèh. Bisa milih. Ora perlu didèrèkaké mréné."

Bu Sastra: „Tjara bijèné dadi wis kena disapih ta kuwi Pakné."

Pak Sastra: „Ija, ija mengkono. Mula dèk mau rak pantjèn tak-bombong. Kakrasana jèn wis bisa dadi Wasi Djaladara, bakal dadi pradjurit linuwih. Ladaké weruh ing papan. Dadi ora dienggo ladakan utawa kerengan."

Sinta wis rampung olèhé adus. Kaja adat saben angger bubar magrib, ing Sastrawigenan wis klitik-klitik tata ambeng, bandjur mangan. Dèk semana bapa-bijung saanaké ija bandjur mangan bareng. Swasana bab ngrasani Sadjarwa isih nglantur ing sadjroné pada mangan.

Pak Sastra: „Kowé mau menjang mulih apa sing nggontjèngaké ja Anak kuwi mau Nok?"

Sinta: „Ija, wong sing saguh dèwèké. Saka Penggung metu Karanganom si Umar arep nggontjèngaké genti, ora awèh. Unine: „Aku isih rosa Lé! Ambok munggah manèh menjang Djatinom aku isih kuwat."

Pak Sastra: „Pantjèn ora kenèkan temenan wataké. Lah, kowé kok bandjur rembug karo Anak kuwi sekawité keprijé?"

Sinta: „Aku nembung kantja²ku, gelema nggontjèngaké aku. Sing gelem mung si Umar. Nanging jèn terusan djaréné ora ketjonggah. Apa manèh Umar kuwi omahé Barèng. Dadi

jèn ndadak marani mréné wegah. Weruh olèhku ṭruṭukan golèk gontjèngan mau, Sadjarwa kok bandjur semanggem. Tjlaṭuné: „Botjah lanang didjaluki tulung botjah wadon kok pada emoh. Gèk gunemé dadi wong lanang kuwi apa. Omahmu ngandi: ta, sésuk tak ampiri. Adja susah atimu."

Pak Sastra: „Wèh, geḍé temenan atiné. Apa ḍèwèké ja diundang ta Nok?"

Sinta: „Ora, wong sing diundang mung botjah klas 5 ṭok."

Bu Sastra: „Nah, kuwi djenengé rak ja kepotangan ta pakné. Kepotangan bau."

Pak Sastra: „Ah, Ibuné kuwi, kaja ngono kok mung dianggep kepotangan bau; ja kepotangan budi ngono."

Bubar mangan Sinta reresik médja, perluné gèk nuli sinau. Ibuné njingkir-njingkiraké piring lan lija-lijané terus diasahi pisan. Pantjèn Sinta babar-pisan ora diatag gawéan ngomah, awit diéman-éman banget, dikepénakaké. Ibuné sing dadi babu-koki, malah bapakné ija ndjongosi. Pak Sastra lan Bu Sastra kelépjan, jèn nguṭun-uṭun anak kaja mengkono iku, djaré anaké sing sok ora kuwat, kuwalat bapa-bijungé. Kareping uni mau, satemené awèh wewarah, adja ngugung anak.

7. OWAH-GINGSIRING KAANAN

Ing sasi Djuli ratjaké botjah-botjah paḍa ḍog-ḍig. Ora ngemungaké sing duwé angka abang baé sing ḍog-ḍig, nadyan sing angkané sisig ireng kabèh ja paḍa ḍog-ḍig. Kabèh paḍa ḍog-ḍig déning arep tamatan lan unggah-unggahan klas. Sing duwé bidji abang ḍog-ḍig jèn nganti ora munggah. Dadi rasa kuwatir. Sing bidjiné ireng kabèh, ḍog-ḍig olèhé arep diabani munggah utawa tamat, gèk tiba nomer pira. Dadi olèhé ḍog-dig saka derenging pengarep-arep, arep paḍa bungah. Ḍog-ḍig kaja mengkono mau ija dirasakaké Sinta sakantjané, ḍèk Djuli 1941. munggah klas 6, déné Sadjarwa tamat saka klas 7.

Nalika arep mulih menjang Purworedjo, Sadjarwa merlokaké menjang Tjanḍi, pamit Pak Sastrawigena sarimbit. Pamit ora bali menjang Klaṭèn manèh, awit kepéngin nutugaké séko-

PERPUSTAKAAN NASIONAL

lah. Menjang ngendi olèhé arep sekolah, durung gumaṭok, amarga durung meruhi kareping wong-tuwané. Sing tjeṭa, genah bakal ora saba Klaṭèn, amarga Klaṭèn adoh saka sekolahan Tengah. Temenan, sawisé tamat saka sekolahan H.I.S. Muhammadijah Klaṭèn mau, Sadjarwa kabar-kabar karo kantjané baé ora, adja manèh tilik. Malah tau kantjané awèh kabar keslametan, Sadjarwa ora genti ngabari keslametané.

Pak Sastrawigena ndjurungi pudji, mengkono uga Bu Sastra karo Sinta, memudji, supaja Sadjarwa kabul sasedyané. Sekolahé bisa tutug, gèk bisa tjekel gawé sing akèh pametuné. Kaja kelumrahaning wong pisahan arep ngalih, sing ditinggal mesṭi duwé weling, supaja ing tembé bisaa langgeng anggoné sesanakan. Kabar-kinabaran minangka talining katresnan.

Pak Sastra tjlaṭu: „Èstu lo Nak, sing sok kirim kabar teng bapakné ngriki. Rak ja ngono ta ibuné?"

Ibuné Sinta manṭuk karo tjlaṭu: „Enggih lo Nak, ampun kesupèn, gèk pleng klaleng kepatèn kabar."

Sadjarwa mangsuli: „Insja Allah, Bu!"

Bu Sastra: „Olèhé kaja santri temenan kuwi nèh. Wangsulan baé kok Insja Allah!"

Ora kajaa bungahing atiné M. Sastrawigena sakloron, déné Sinta munggah sekolahé. Rasané atiné, munggah klas 6 iku wis nggawing gèk tamat. Ing angen-angené Pak Sastra lanang-wédok taun 1943 Sinta wis tamat, wis bisa tjara Landa nritjis. Angen-angen mengkono iku setemené didjibaké, mesṭi kelakon. Olèhé ngedjibaké mau, déning mung meruhi kaanan ing sadjroning rangkah, kaja djagat mung segoḍong kélor. Kang diweruhi lan dirasakaké mung seṭiṭik banget. Kaanan ing sadjabaning rangkah, nadyan seṭiṭik² krungu, ja mung sakrungu. Durung bisa ngrasakaké keprijé tundoné ing tembé kang rinungu mau, tumrap sesambungané karo sadjroning rangkah. Ḍèk taun 1941 tengahan angger uwong wis paḍa krungu, jèn Djepang ngelar djadjahan. Ngelar menjang ḍaratan Asia tuwin pulo-pulo sakidulé. Pangelaré mau bisa kasil, nganti India-Welanda tuwuh sumelangé. Sumelang ditempuh ing perang. Mulané bandjur sijaga ing gawé, mepak gegaman. Iku mau angger wong

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

weruh. Éwa semono mung sețițik sing bisa ngrasakaké bakal kadadéané. Akèh wong ora ndungkap, jèn kaanan India-Welanda bakal owah-gingsir déning kesempjok aluning perang. Akèh wong sing duwé pangarep-arep arep olèh kabungahan saka prabawaning India-Welanda nadyan ta tjeța jèn Djepang sing ngelar djadjahan mengidul, lagi winongwong Djawata. Para panggeḍé malah paḍa mlebu panantjang batin „legiun van het geest", kanggo nggolongaké batin karo Welanda. Malah ana sing prasetya sabajapati karo Welanda, kanggo teteping kawibawané Welanda ing kéné.

Rupaking pandeleng utawa kurang djembaring pamawas mau, kang ndjalari Pak Sastrawigena kaja ngedjibaké enḍogé si blorok. Kang diedjibaké ora muntjul. Ngedjibaké Sinta bakal tamat saka H.I.S. bisa basa Welanda nritjis ora kabul. Lagi klas 6 tengahan taun H.I.S.-é Sinta manḍeg. Sekolahan[2] sabawah Klaṭèn kaḍawuhan tutup ing sasi Pebruari 1942, djalaran kaanan ing tanah Djawa wis ana ing sadjroning bebaja. Montoré mabur Djepang wis klinteran, tur pidjer ngebomi baé. Malah wis ana wadya Djepang sing ngunggahi ḍaratan tanah Djawa. Sekolahé Sinta kanḍeg ing klas 6, djalaran ing tanggal 9 Maret 1942 India-Welanda wis asrah bongkokan marang Djepang. H.I.S. tuwin sekolah-sekolahan lijané sing ḍasaré basa Welanda disuwak.

Pak Sastra: „Ibuné, wah keprijé iki. Kantoré ḍéwé wis kepareng bukak, sekolahané si Ḍénok kok durung. Jèn kesuwèn ora sekolah rak ora betjik."

Bu Sastra: „Kang dipikir ana manèh pakné, tjara Landané si Ḍénok iku keprije bakalé?"

Pak Sastra: „Ja embuh ta. Mungguh ing nalar ja wis ora kanggo. Genah Landa-Landa paḍa ditawan ngono. Kuwi ibuné jèn tak gagas sekolahé Sinta kuwi. Ngertia jèn djamané owah ngéné, ḍèk bijèn Sinta rak tak sekolahaké Djawa baé. Mung tekan klas 5, dadi wis tamat pantjèné."

Bu Sastra: „Ja sapa ta pakné sing weruh wolak-waliking djaman. Mulané ja wis bèn, ora perlu getun. Getun kasèp ora ana gunané. Kélangan bajaran saṭékruk, ja wis ora dadi apa.

Pupusané déné i
ringan slamet,
luwih begdja, t
disingkang-sing
djit tjatjing."
Pak Sastra: ,
sekolah-sekolah
ngendi? Menja
Bu Sastra:
sekolah Djawa,
Pak Sastra:
ja ana ta ibuné
wadon. Jèn N
dilebokaké Nga
barang. Dadi
ibuné, Mantrin
hammadijah in
Bu Sastra:
botjahé ditari,
bapak."
Pak Sastra: ,
di Nok. Sekola
Sinta: „Lah
Pak ?"
Pak Sasrta:
rak mélik basa
ora ana. Gena
Mula jèn wis
kaja Ngara-ara
karo pisan sek
tinimbang karo
lan ibumu."
Sinta: „Nèk
kabèh. Katjèk
Pak Sastra:
Sinta: „Ora!

Pupusané déné ing wolak-waliking djaman iki awaké ḍéwé pinaringan slamet, ora mèlu kuwalik-walik. Saiki awaké ḍéwé isih luwih begdja, tinimbang karo Welanda sing paḍa dadi lakon; disingkang-singkang kaja kongkang, ditjuṭik-tjuṭik kaja wredjit tjatjing."

Pak Sastra: „Ambandjuraké bab sekolahé anakmu ibuné. Jèn sekolah-sekolahan wis bukak, kepénaké disekolahaké menjang ngendi? Menjang Ngepos, apa menjang Ngara-ara."

Bu Sastra: „Embuh Pakné, mangsa boḍoa kowé. Ngepos sekolah Djawa, Ngara-ara ja sekolah Djawa."

Pak Sastra: „Ja bener paḍa Djawané, nanging bédané rak ja ana ta ibuné. Ngepos kuwi rak tjampuran. Muridé lanang-wadon. Jèn Ngara-ara rak wédok ṭok. Tumrap aku maṭuk dilebokaké Ngara-ara baé. Wong djaré nganggo diadjari njulam barang. Dadi seṭiṭik² diadjari kagunaning wanita. Kaé ta ibuné, Mantriné guru garwané R. Supangat, guru sekolah Muhammadijah ing Banjakan."

Bu Sastra: „Dilebokaké mrana ja apik. Nanging betjiké botjahé ditari, dikon milih. Nok, Nok renéa. Arep didangu bapak."

Pak Sastra: „Jèn sekolah wis bukak, kowé pilih sekolah ngendi Nok. Sekolah Ngepos, apa Ngara-ara?"

Sinta: „Lah kok ora mbandjuraké ana Muhammadijah ta Pak ?"

Pak Sasrta: „Kowé tak-lebokaké H.I.S. Muhammadijah iku rak mélik basané Welanda. Saiki basané Welanda rak bakal ora ana. Genah Landa-Landa wis pada ditawan ngono kok. Mula jèn wis bukak, mesṭiné kabèh rak kaja Ngepos utawa kaja Ngara-ara. Kowé tak-kon milih salah sidji kuwi, amarga karo pisan sekolahan Negara. Nalaré bajarané luwih murah tinimbang karo sekolahan partikelir. Dadi èntèng tumrap aku lan ibumu."

Sinta: „Nèk ngono pilih Ngara-ara baé sing botjahé wadon kabèh. Katjèk seṭiṭik dohé ora dadi apa."

Pak Sastra: „Dadi kowé ora pilih Ngepos?"

Sinta: „Ora! Jèn ana Ngepos aku bakalé dadi botjah anjar.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Botjah[2] lanang kuwi jèn nggrétjoki botjah wédok anjar, wah njebahi. Jèn pada wédoké rak ora dipetuk grétjokan."

Temenan, bareng sekolahan wis bukak Sinta dilebokaké Kopschool ing Ngara-ara. Ibuné Sinta nglestarèkaké olèhé dodol, nanging ora bisa suwé, amarga pepajoné saja tjupet kanggo kekulak. Reganing barang mundak[2] tanpa lèrèn, gawé patiné bebakulan tjilik[2], apa manèh bakul sega. Amarga angèl olèhé nempur. Nalika Sinta tamat klas 6 ing Ngara-ara, ibuné wis ora dodol sega. Uripé Pak Sastrawigena bali gumantung saka blandjané Pak Sastra tok.

Djepang sing dèk djaman Welanda misuwur olèhé dedagangan murah, dadi pangarep-arepé wong akèh, mesti bakal saja murah, jèn Djepang wis maréntah. Malah ana sing kanda, angger wadyabala Djepang wis ndarat, mesti nuli ndarataké barang[2] dagangan. Dadi pasar-pasar lan toko-toko bakal pada kebandjiran barang Djepang. Pangarep-arep tuwin kanda bakal murahing barang mau, njatané djebul sasat ngentèni timbulé watu item, silemé prau gabus. Sing diarep-arep murah, bareng teka: larang. Adja manèh barang teka anjar, barang sing wis ana baé angèl tinemuné.

Saben dina angger uwong meruhi saja rusaking kaanan. Ril lori, ril sepur, sing sapérangan pada dibedjati. Bus lan taksi ora ana. Dalan-dalan lan irigasi ora dipaèlu. Mesin-mesin pabrik diprètèli. Akèh kang sarwa wesi didadèkaké otékan, dadi wesi rosokan. Ngélingaké pikiraning wong akèh, Djepang kang dèk djaman Welanda misuwur dadi tukang kulak wesi rosokan, bareng bisa ngalahaké Welanda ja bandjur ngrosoki wesi. Rèhning wesi kang wis rupa bekakas iku gedé banget tumrap asil, mangka pada dirosoki, mula mesti baé jèn gedéning asil ja bandjur suda. Ing ngendi-endi panggonan kekurangan asil. Jèn ta ana kang ngasilaké, sing sapérangan gedé mesti dikukup Djepang. Pangukupé ana sing dituku peksan, tur regané sangisoring wragad. Iku mau dadi underaning sabda, mulané wong[2] pada kesrakat. Wiwitané kesrakat pangan, bandjur kesrakat sandang, nganti kesrakat budi. Ilang kamanungsané. Bangsa tanah kéné nalika iku saja ora kadjèn. Kang pada mergawé

pada luwih dip
pisan tanpa olè
ilokna aku. M
ngregem bangs

Pak Sastraw
Uripé klebu ba
mau, uripé saja
njambung umu
gah njatut. Ke
ora kolu. Dadi
kang ditampa
rahaning blan
duman mau.
banget, tinimb
pandumané mu
sesasi-sasiné.
pawon, kajata
rangan. Bagéa
dianggo tetuku
ing pawon iku
omah akèh sit
tuku pohung,
padjagongan,
mau ditembun
rangas, dadi
kuwi mau, ma
ing médja-kur
go tuku panga
pohung, gude
njebahi weten
gedé ananing
digen. Kulit
ing saenggon
amarga sing
uwong-uwong
sig-sigan. Mu

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pada luwih diperes. Pendak bjar ana kerigan bau, kang babarpisan tanpa olèh pakolèh. Sandang pangan golèka dèwé, baumu ilokna aku. Mengkono tjandrané nalika wadyabala Djepang ngregem bangsa kita.

Pak Sastrawigena ing nalika iku umuré wis 60 taun luwih. Uripé klebu balung peking. Mula ketradjang kaanan mengkono mau, uripé saja memelas. Ing nalika iku ora kurang wong kang njambung umuré sarana njatut. Pak Sastrawigena ora ketjonggah njatut. Kedjaba awaké wis ora ketjonggah, atiné pantjèn ora kolu. Dadi kang minangka ular-ularing uripé, ja mung apa kang ditampa saka kantor. Barang-barang panduman lan turahaning blandja sawisé ditjengklong reganing barang panduman mau. Barang-barang panduman mau regané miring banget, tinimbang reregan ndjaba. Émané, déné barang-barang pandumané mung kaja tulak sepata, ora njukupi kanggo tadah sesasi-sasiné. Mula jèn ana panduman sing dudu butuhing pawon, kajata bakal panganggo, kerep dianggo wuwuh kekurangan. Bagéan bakal mau didol, bisa olèh bebatèn, bandjur dianggo tetuku butuhing pawon. Pantjèn ing nalika iku butuhing pawon iku sing premati dèwé. Sandang panganggo, prabot omah akèh sing dikalahaké, didindal bandjur kanggo nempur, tuku pohung, ujah trasi lan sapanunggalané. Malah jèn ana ing padjagongan, kanggo gumjeking gunem, kaanan mengkono mau ditembungaké: „wong-wong saiki pada dadi renget, dadi rangas, dadi tijèng." Mula ditembungaké mengkono djalaran kuwi mau, mangan saka pepajoning sandangané, saka pepajoning médja-kursiné lan lija²né. Tur kabèh mau mung gadug kanggo tuku panganan sing sepélé. Emi kandji, sambel goréng kulit pohung, gudeg bonggol, sega gogik. Waregé mung wareg njebahi weteng, ora marasi. Djalaran saka iku dèk semana saja gedé ananing pagering. Lemuné lemu abuh, gatelé gatel gudigen. Kulit pating benjinjih, dada mengkis-mengkis, tinemu ing saenggon-enggon. Sandangan tambalan wis diarani apik, amarga sing njrantil akèh. Lah pak Sastrawigena ija kaja uwong-uwong ing djaman iku uripé. Ja tjekrah-tjekrèh, ja sig-sigan. Mung Sinta sing isih ketara klimis, djalaran bapa-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bijungé ngreksa lan ngudi, Sinta adja nganti luwé; dadia luwé bapa-bijungé baé sing wis suwé ana ngalam-donja. Widji mung sidji Sinta, mulané, banget olèhé ngreksa, adja nganti kesrakat. Pangarep-arep widji mau bisaa ṭukul, bisa njambung turuné wong tuwa. Dadi patining wong tuwa atinggal turun. Ora tjures.

8. KEDADÉAN ING MAKASAR

Ing tahun 1951 awal, padjagan Tentara Nasional Indonesia ing Makasar isih kentjeng, sanadyan pambalélané Andi Abdul Aziz wis dikuwasani. Patroli-patroli sing blusukan ing dalan² tjilik isih djeḍal-djeḍul. Tentara sing ḍong ḍines, ora kena lunga adoh-adoh. Jèn dolan-dolan ja mung kena ana sadjroning kuṭa baé. Rèhning ratjaké sing paḍa dadi T.N.I. nonoman, mula endi sing ḍong libur sasat ora ana sing gelem mugen ana ing tangsi utawa ing ponḍokané. Sing akèh mesṭi paḍa dolan-dolan, golèk salining swasana utawa salining sesawangan.

Nudju ngarepaké surup, manuk-manuk wis paḍa pating tjaruwèt, ing djalan Sjahrir ana nonoman lumaku idjèn, alon-alon sadjak ngemataké siliring angin tuwin otjèhing manuk. Bareng lakuné tekan ènggok-ènggokan, weruh wanita ngrondjé lumaku idjèn. Atiné kumesar, panduluné mata kapèn. Kaja wis tau weruh, nanging dimokalaké jèn ketemua ana ing Makasar. Bareng lakuné saja tjeḍak, atiné saja kumesar, mripaté akeḍèp tesmak. Déné sing disawang ora rumangsa, jèn dadi sawangan lan ngesar-esari ati. Isih lestari tumungkul olèhé lumaku. Tekaning adu-arep dumadakan wong nonoman mau muni ngegèt ora disengadja: „Sinta". Sanalika karo pisan manḍeg. Swara santak mau gawé tratabé Sinta. Nratab déné wajah surup ana wong nonoman kang ora dinjana-njana, wanuh wani aruh-aruh semu nggretak. Si nonoman ja saja kumesar, déné sing ditjeluk „Sinta" teka manḍeg lan terus maspadakaké, matarani jèn kang diuwuh Sinta temenan. Sapandurat olèhé sawang-sinawang kagawokan, sadjak paḍa ngjakinaké, apa ija si anu ta iku. Wong nonoman mau bandjur pitakon: „Kowé kuwi rak Sinta?"

Wangsulané
Sakaroné pa
Djawa, bandju
Djawa, apa ma
diuwuh mau S
djarwa." Saka
mantja, meteka
Karo pisan g
bungah kedada
Sadjarwa: „
ana ing paran
Sinta: „Aku
Sadjarwa: ,
omahmu ngend
Sinta: „Ja e
ketula-tula baé
dalan, ajo ta m
sakiwa-tengené
Sadjarwa na
disambi gunen
temu; paḍa k
woran trenjuh
Sadjarwa: „
Sinta: „Ah,
Ora patut."
Sadjarwa:
banget kaé."
Wangsulané
ngrasakaké olè
pitakon kang
batin. Mula ke
Sinta: „Ora
...b...b...bu, v
Wis ḍèk djam
Atiné Sadja
lasen ndeleng

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Wangsulané sadjak gugup: „Lah kowé apa Sadjarwa?"

Sakaroné pada mlenggong. Si nonoman diwangsuli tembung Djawa, bandjur ngerti jèn kang diarani Sinta mau botjah Djawa, apa manèh katik nandjihaké djenengé. Njata jèn kang diuwuh mau Sinta temenan, mula wangsulané:„ Ija, aku Sadjarwa." Sakaroné bandjur tetabikan kaja adating wong mantja, metekaké rada ngentrog, minangka tanḍaning kalegan. Karo pisan guwajané mbrabak, mripaté katja-katja, déning bungah kedadak.

Sadjarwa: „Ora njana aku ketemu kowé: Ta. Tur ketemuné ana ing paran adoh."

Sinta: „Aku ija ora njana ora ngimpi ketemu kowé Djar."

Sadjarwa: „Kowé kok dadi ana kéné kuwi keprijé? Gèk omahmu ngendi?"

Sinta: „Ja embuh iki. Aku ora ngerti. Wong lelakonku iki ketula-tula baé. Anu ta Djar tinimbang pada nganjur ana ing dalan, ajo ta mampir. Lah kuwi apa omahku, ing djalan Sjahrir, sakiwa-tengené ènggok-ènggokan let limang surup."

Sadjarwa najogjani, bandjur pada mlaku runtung-runtung, disambi guneman. Pada nglairaké olèhé bungah pada ketemu; pada kapangé, mulané pada krasa resep. Resepé kaworan trenjuh, jèn gunemé ngenani lelakoné.

Sadjarwa: „Sing kogawa iku apa? Kéné, takgawané."

Sinta: „Ah, ora! Butuhé wong buri kok digawa wong lanang. Ora patut."

Sadjarwa: „Bapak karo Ibu keprijé? Rak wis sepuh banget kaé."

Wangsulané Sinta seret. Gorokané kaja kemuntji, déné ngrasakaké olèhé lola, dadi gawéning wong. Wangsulané marang pitakon kang mengkono, mesṭi baé kaja déné ngelèr rekasaning batin. Mula kedjaba seret ing utjap, mripaté kumembeng eluh.

Sinta: „Ora..... kajaa..... Djar. Bapak.....ka.....ro...sib... ...b...b...bu, wis ting... gal donnn...nja. (Eluhé diusapi). Wis ḍèk djam...m...m...man Djepang bi...i...ijèn."

Atiné Sadjarwa mèlu rontog, krasa ngeres. Sakala kamiwelasen ndeleng Sinta. Bandjur ngutjap kaja wulangan Muham-

madijah: „Inna Lillahi wa inna ilaihi rodji'un! Wis ta: Ta, betjik paḍa dipupus, dadi ora keranta-ranta. Lelakonku ḍéwé ija ora kepénak, nanging wis tak éklasaké. Éling-éling manungsa iku mung saderma. Bandjur sing koiloni saiki sapa?"

Sinta: „Pak Sam...es...s...s sjuri." (isih karo mingseg[2])

Sadjarwa ora nerusaké takon karebèn olèhé kamisesegen Sinta lèrèn ḍisik. Karo pisan paḍa meneng, nganti tekan ngomah.

Sinta: „Pak, wonten tamu saking Klaṭèn."

Krungu tembung Klaṭèn Achmad Sjamsuri ndjeginggat. Ora njana déné isih djaman ribut kok ana wong Klaṭèn merḍajoh menjang Makasar. Tembung Klaṭèn nduwèni daja. Sanalika M. Samsuri menjat tanpa nijat. Semono uga sing wadon. Sakaroné nglongok menjang ngarepan. Ngandel jèn ana ḍajoh temenan, déné sing diarani ḍajoh mau menganggo préman. Upamaa menganggo pradjurit, kira-kira M. Samsuri nratab.

M. Samsuri: „Mangga, mangga nak lenggah." Mengkono olèhé ngatjarani karo meṭukaké.

Sadjarwa: „Inggih bapak". Wangsulané karo satata linggih.

Kabèh paḍa lelenggahan ana ngarep. Bareng wis paḍa satata, Sadjarwa tjlaṭu: „Kepareng nepangaken: bapak, kula Sadjarwa, kantjanipun Sinta kala sekolah wonten H.I.S. Klaṭèn."

Sjamsuri: „Inggih nuwun: Nak, ngresakaken rawuh ing ngriki. Kula Achmad Sjamsuri. Lah punika ingkang ibu. Inggih kula ingkang sapunika dados bapakipun Sinta. Kula punika mitra-darmanipun kangmas Sastrawigena. Mila sareng kangmas Sastra tuwin bakju Sastra boten wonten, inggih kula ingkang kedah ngukup pun Sinta. Kedjawi ènget ḍateng mitra-darma, inggih ènget bilih laré lola punika wadjib dipun ajomi. Nah anggèr punika dalemipun pundi?"

Sadjarwa: „Taksih wonten tangsi."

Sjamsuri wangsulané sadjak ndjola: „Wonten tangsi? Tangsi punapa? Tangsi Mobrig, punapa tangsi T.N.I.?"

Sadjarwa: „Tangsi T.N.I. bapak, dados boten tebih saking ngriki."

Sjamsuri: „Lah kok ngagem-agem tjara préman?"

Sadjarwa ora sambung karo gunemé Sjamsuri mau, mung

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bandjur pitakon: „Bapak wonten ngriki sampun pinten taun?"

Sjamsuri: „Wah, sampun wiwit taun 1944 awal. Rékanipun mekaten kula punika dipun kanggèkaken Djepang. Dipun bekta mriki punika, boten saged mingkuh. Sareng Sekutu ḍarat mriki, kula kedjenḍelen. Tijang ngriki kebawah Welandi malih. Boten kadosa kepéngin kula wangsul ngedjawi. Langkung² sareng wonten tembang rawat-rawat ing ngriki sampun merdika. Derenging manah kepéngin, kanggeg déning kawontenan. Saja rumaos ketelasan pangadjeng-adjeng, sareng barisan Mongin Sidi ingkang baḍé mardikakaken Sulawesi kénging sinapu déning Westerling."

Sadjarwa krungu tembung Westerling mau ketara olèhé getem-getem, tangané ketara ngepel-ngepel. Kesaru lumadiné sugatan. M. Sjamsuri ngatjarani, bandjur nerusaké gunemé: „Lah anggèr wonten ngriki sampun pinten wulan?"

Sadjarwa: „Pétangipun inggih wiwit wonten brontakan Andi Azis punika. Kula kakintun mriki déning Brigade Mataram, tumut njirep brontakanipun Andi Azis."

Sjamsuri: „Brigade Mataram sami sampun wangsul. Jèn makaten anggèr baḍé tumunten."

Sadjarwa: „Boten bapak. Kula punika setengah nglalu. Kula kaparengaken tetep wonten ngriki, mlebet depisi ngriki."

Krungu tembung nglalu mau Sinta nggatèkaké banget, luwih nggatèkaké tinimbang M. Sjamsuri sarimbit. Jèn ta ora ngèlingi tata tuwin kasusilan, mesṭi sumlonong njambungi. Rèhning ngèlingi mangkono mau, mula ja meneng baé. Nanging ulaté ora kena ditjolong.

Sjamsuri: „Nglalu kados pundi nggèr, kok éman² sanget."

Sadjarwa: „Kala kula dados opsir anḍap Peta, kula sampun rabi. Saladjengipun kula sampun gaḍah anak setunggal. Nalika Ngajogjakarta kebrokan Welandi, kula kepeksa pisah kalijan anak sémah, déning kula atindak gerilja, sémah kula ngungsi. Ḍateng pundi pangungsinipun, kula boten sumerep. Sampun kula padosi ḍateng pundi-pundi boten pinanggih. Jèn wonten kabar tumut konpoi, kula tlusur, kula latjak, kula mirengmirengaken, boten pikantuk titik. Manah kula gempung. Kula

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

boten ngretos. Nalika tampi ḍawuh Ke Mekasar ṭukul osiking manah kula: *„Ora susah bali menjang tanah Djawa, karebèn gèk rampung.* „Jèn ènget anak kula dèrèng kasapih, oo bapak, ngeres raosipun manah kula."

Sjamsuri: „Pitados, pitados nggèr. Kérata basanipun garwa punika sigaraning njawa, déné putra paribasanipun dados wohing manah. Mangka kalih pisan itjal. Mila kula inggih pitados, jèn anggèr nampi tjetjobèn awrat. Langkung awrat tinimbang Sri Rama ingkang namung kétjalan garwa. Éwa semanten anggèr boten ketingal ngengleng. Punika nama nugrahaning Pangéran. Malah anggènipun nglalu anggèr pados énggar utawi ledjaring panggalih. Wah, punika saèstu parimarmaning Gusti Ingkang Maha Agung. Kula nḍèrèk sukasukur sarta memudji mugi pinaringan ledjaring panggalih.

Sapa baé kang ana ing paran, mangka ketemu wong tunggal désa, tunggal kuṭa, mesṭi bandjur ṭukul rumaketé. Wong iija dadi sanak. Mula, sanadyan M. Sjamsuri ketembèn tepung karo Sadjarwa, éwa semono gumjeking rembug kaja sedulur. Rembugé sing duwé omah lanang wadon diarah murih nonoman mau djenak, ora kesusu mulih. Warna-warna tjarané nenarik ati, amrih raketing pitepungan. M. Sjamsuri nakokaké ramaibu lan seduluré Sadjarwa; nganti lelakoné Sadjarwa sametuné saka H.I.S. Muhammadijah Klaṭèn, tekané dadi T.N.I. ing Mekasar, ditakokaké kabèh nganti slesih. Anggoné M. Sjamsuri ndjlimet pitakon mau, ngiras bisaa weruh kaanan ing tanah Djawa, kenaa kanggo tamba kangen menjang negara kelahirané. Kabèh mau diwangsuli Sadjarwa saperluné.

Sjamsuri: „Dados sepriki ingkang rama djumeneng Djaksa ing Purworedjo?"

Sadjarwa: „Inggih bapak. Bapak naté dipun rembagi kapinḍah ḍateng Semarang, mawi baḍé dipun inggahaken dados Djaksa kl I, nanging boten kersa. Wegah anggènipun ujangujung. Tuwin kagalih wonten sanès panggènan baḍé angèl pikantukipun dalem, lan inggih baḍé ribed anggènipun dedalem. Tijang kados pundi, wonten Purworedjo punika sampun balé-grija pijambak, karang-kitrinipun tjekap. Malah ibu punika kagungan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sabin barang. Dados wonten Purworedjo punika kagalih sampun gesang sekétja. Wonten ing panggènan sanès dèrèng temtu saged sekétja kados wonten ing Purworedjo. Mila menawi boten wonten ḍawuh peksan, bapak punika magrok wonten ing Purworedjo kémawon."

Sjamsuri: „Begdja ingkang rama punika. Wonten wolak-waliking djaman kok saged panggah. Begdjanipun punika déné magrok, tur njekapi wulu pamedalipun. Wondéné inḍaking pangkat mekaten ing wekdal ingkang ura-uru, pantjèn kasinggihan dèrèng temtu dados tjekaping kabetahan; mèmper jèn wonten ingkang boten kersa, utawi njemadosi *Bésuk baé*. Semados rumijin kainggahaken pangkatipun, déning awrat nilar panggènan lami ingkang mbarkahi."

Sinta sumlonong njelani: „Olèhmu ana Mulo Purwokerto kok ora koterusaké ḍisik, ḍèk bijèn."

Durung nganti tutug olèhé guneman, Sinta wis diwangsuli setengah pokrulan: „Olèhé arep nerusaké keprijé, lah wong Mulo dipatèni Djepang, disalini djeneng Sekolah Landjutan utawa Sekolah Menengah Pertama. Aku babar pisan ora marem ana ing S.M.P. mau. Sepisan wulangané ḍèk semana ora gumaṭok. Kapinḍo, pidjer dikerigaké nandur djarak, meṭik djarak, ngresiki dalan lan lija-lijané, sing kabèh mau aku ora seneng. Mula bareng ana biwara latihan Opsir-Endèk, aku bandjur pilih mrono. Aku bèn bisa sumingkir saka kuwadjiban kinrohosi."

Olèhé paḍa omong-omongan wis rong djam. Wédangé wis bola-bali didjogi. Patjitan wis nipis. Upama tanpa subasita mesṭi patjitané kari mundur piring karo loḍong. Sanadyan wis semono olèhé djagongan, rasané kaja durung marem temenan. Nanging jèn nganti lungsé kurang prajoga, mula Sadjarwa bandjur njuwun pamit. Wong saomah satemené isih nggonḍèli, nanging ora bisa meksa. Banget olèhé ngarep-arep, Sadjarwa gelema kerep sandja mrono. Malah pangarep-arepé gelema nganggep jèn kono kuwi kaja omahé ḍéwé. Dadi jèn rono ora djeneng sandja, djeneng mulih utawa tilik ngomah. Sadjarwa najogjani rembug mau. Sabandjuré Sadjarwa djeḍal-djeḍul temenan menjang djalan Sjashrir mau. Rasaning ati

olèhé ngongkang, déning kélangan anak bodjo, suwé-suwé bisa lipur.

Olèhé kerep menjang djalan Sjahrir mau dadi sarana, Sadjarwa mambu ati karo Sinta. Sadjarwa anané mung welas marang Sinta, déné dadi botjah lola, tur wis diwasa. Sinta mesakaké Sadjarwa, déné kepedotan tresna, bandjur nglalu. Mula jèn mbeneri guneman, mesti pada déné gawé sih. Gunem sagunem isi ilining katresnan. Sadjarwa ilanga panglaluné. Sinta rumangsa kaja ana sing mengku. Temahan ana rembug gilig, Sadjarwa prasadja marang M. Sjamsuri, kepéngin mengku Sinta. M. Sjamsuri ngabulaké apa karepé Sadjarwa, tuwin sukur-sukur marang sing Maha Kuwasa déné kepareng ngentas botjah lola. Énggaling rembug, rèhning Sinta wis lola ora duwé wali, mulané idjabé nganggo wali kakim. Pamiwahané tjlimèn. Sinta ora dipaèsi kaja mantèn Djawa, mung lugas baé. Sepisan, nalika iku durung tentrem temenan, kaping pindo M. Sjamsuri ora nduwèni watak ropjan-ropjan. Samubarang kuwi betjiké rebut tjukup baé, supaja ora ngebot-eboti. Olèhé duwé gawé, tjukupa saperluné baé. Patokané M. Sjamsuri: „Ropjan-ropjan iku kesenengan. Kesenengan ora prajoga ambarung perlu."

9. BEBRAJANÉ SINTA

Ing sadjroning Sinta dipupu M. Sjamsuri olèh tuntunan bab gawéjan ngomah. Reresik, nenata amrih patuté, blandja menjang pasar, tetuku ing toko, apa déné gawéan ing pawon tuwin momong; iku kabèh diperdi. Bu Sjamsuri iku lembah atiné, dadi tlatèn merdi Sinta ing bab pagawéan ngomah mau. Merdi Sinta ing bab iku perlu banget, wewaton tlatèn; awit Sinta kebandjur duwé watak ora dojan gawé, kaja kang wus katjeta ing ngarep. Ora éwuh pakéwuh ana wong-tuwa kedungsangan djungkir-walik, dèwèké énak-énak dolanan, nganggur utawa mematja watjan. Watak mengkono iku saja suwé ana sudané, labet saka tlatèné Bu Sjamsuri anggoné merdi. Ngrangkani botjah sing mengkono mau, tindaké Bu Sjamsuri ing sabarang

gawé tembungé ngadjak, ora ngatag. Bu Sjamsuri ḍéwé tumandang, Sinta dikon nunggoni. Pamrihé bisaa weruh tindaking gawé. Jèn wis sawetara olèhé nunggoni, bandjur dikon reréwang. Dadi ora dikon ngetjaki ḍéwé. Olah-olah, njapu, momonga lan apa lijané manèh, ja kaja ngono kuwi tjarané meruhaké gawé. Endi sing wis tumindak lan ketara karep olèhé nindakaké, saben-saben ditinggal; Sinta bèn tumindak ḍéwé, nanging ja pidjer diinguk, supaja ora rumangsa ditjulaké idjèn. Dadi ija ora rumangsa dientebi gawé. Tlatèné nindakaké pamardi mengkono mau, ndjalari Sinta weruh ing gawé sawetara. Anduwèni rasa rikuh jèn rumangsa, samangsa ibuné angkat kumrèngkang. Anduwèni rasa-risi, jèn ana djogan ndjembrung, barang pating slèngkrah, bandjur ana grendjet kepéngin ngrampungi.

Owah-owahan betjik tumrap Sinta kaja ngono mau, kandeg semono baé, bareng Sinta wis duwé bodjo. Sadjroné isih dadi saomah karo M. Sjamsuri, sawisé dadi mantèn mau, Sinta mbalèni wataké sing uwis. Tanginé awan, senengané ngunḍer ana ing kamar. Ora tau kumlawé reréwang ing pawon, ngulat-ulataké botjah lan sapituruté. Jèn metu saka kamar sing mesṭi bandjur dolan[2]. Dadi mèmper kaja platuk, angger metu saka ing gowok mak burrr saba. Gelemé lelungguhan karo kantjané tunggal saomah mung kala-mangsa. Kang mengkono mau M. Sjamsuri lanang wadon bisa baé muwung, ngèlingi jèn mantèn anjar. Senengé lagi ketumplak karo bodjo. Wong lijané ora kepikir, malah sok dianggep ndjedjaruhi. Kaanan mengkono iku tumindaké ana ing Sjamsurèn nganti selapan dina. Bubar selapan dina dibojong menjang omahé ḍéwé.

Ana ing omahé ḍéwé kono Sinta mesṭi baé rumangsa luwih merdika. Ilang éwuh-pakéwuhé. Ngrumangsani dadi bodjo pembantu Litnan, blandjané wis dirasa tjukup kanggo urip, ṭukul wataké sing mitunani adeging balé-omah. Olèhé bebodjoan mung awateṣ „wadjib njenengaké sing lanang." Angger sing lanang wis ḍemen menjang ḍèwèké, wis dianggep tjukup olèhé nḍepani balé-omah. Gawéan ing omah dipasrahaké menjang batur. Ing bab pranataning prabot, bab karesikané,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mangsa bodoa baturé. Kadang-kala baé aba, iki tatanen kaja ngéné, lan kaé tatanen mengkéné. Médja dahar tatanen kéntjosan, médja panulisan tatanen njérong ing podjok. Mengkono jèn kala-mangsa gelem aba. Olah-olahan sing kanggo ladèn ja mangsa bodoa baturé, dikon memantes déwé. Sasat babar pisan Sinta ora tjawé-tjawé gawéan pawon. Jèn duwé pepénginan baé bandjur aba marang baturé, aku olahna anu.

Baliné watak lumuh ing gawé, mau nalika semana pada ora disumurupi. Mung dikira saka dajané temantèn anjar, lan njatané bandjur kesusul njidam. Mula watak olèhé klentaklenté, olèhé tangi mung jèn sing lanang arep mangkat njambutgawé, iku dipuwung baé karo sing lanang. Sing lanang malah saja kasok sihé déné olèhé djedjodoan énggal ana wohé, jaiku djabang baji, kang kena kanggo leliruné anak, sing ilang tanpa lari. Panglotjitané: bodjo ilang wis olèh idjol, anak ilang ja bakal ana idjolé. Sadjroning ati ora kegagas, bésuk jèn sing pada ilang mau ketemu, keprijé dadiné. Mengkono mau lumrah. Kèhkèhing wong bungah, susahé kapurba ing pepastèn sing pinudju njangklek, njolok mata, nggitik rasa. Pepastèn sing adoh lan bakal tumeka, arang dirasakaké ing wong, apa manèh pinikir bablas. Kang mengkono iku katjeta ing utjap-utjapan: „Sésuk lan bésuk iku sapa sing weruh, sing dadi ja apa anané saiki." Akèh sing kelépjan jèn lelakon iku dawa. Dawa sing buri. Nganti pada lirwa ngudi, amrih bisané weruh sadurungé winarah. Nganti pada nglirwakaké, ngudi amrih betjiké sésuk lan betjiké bésuk. Sing dipikir mung keprijé saiki. Pikir sing semono ketjonggahé, arané pikir tjupet utawa rupak. Wong kang mengkono pikirané kerep gograg lelakoné; kaja dijan sentir kerep mobat-mabit. Ing kéné krasa perluné, jèn angger uwong ungup-ungup sing bakal kelakon. Dadi ora diwasésa ing djaman saiki, déning weruh uruting lakon ing mburiné. Bisa tanggon ngrasakaké paité saiki, awit weruh pamburiné sing bakal legi gurih. Bisa ora girang-girang gumuju ngrasakaké kabungahan saiki, awit ngélingi ing wasanané kok tumurun ing djurang trebis. Dadi apa kang tinemu saiki kudu ditjandak kanti waspada.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Sadjarwa lan Sinta rumangsa seneng uripé. Olèhé omah-omah setaun ngemban. Pambarepé lanang. Sadjarwa saja banget bungahé, duwé panganggep anaké lanang sing ilang kalané suson, saiki wis olèh idjol. Rupané mèmper. Kabèh plek karo bapakné. Matarani, jèn bodjoné sing ḍisik lan sing saiki paḍa kumanṭil ing ḍèwèké. Sing lanang ora tau ontjat saka panduluné sing wadon. Sadjarwa kaja kemaruk. Anaké pidjer dililing-liling, dikudang-kudang. Rasa nglalu lan nglanguté wis ilang babar-pisan. Uripé saiki wis bisa ngrasakaké begdja manèh. Kabegdjan sing mauné ora tjinakra-bawa. Meruhi senenging Sadjarwa kang mengkono mau, Sinta ija seneng banget. Rumangsa bisa gawé senengé wong lanang, temah ṭukul ngadi-adiné marang bodjo. Uripé saja ngeḍingkring mung mangan turu, weḍak pupur, dolan. Balé-omah lan anak mangsa boḍoa. Baturé wis dianggep mrantasi. Tjara urip kang mengkono iku anggampangaké penḍak tales netes. Iku tumrap sing pantjèn kewidjèn. Sinta kebeneran kewidjèn mengkono mau. Uripé diseseneng, mula, durung nganti pambarepé dipitoni, Sinta wis njiḍam manèh. Dadi olèhé klenṭa-klenṭé karo ringik-ringik wis paḍa dianggep lumrah, lan mèmper. Dajané suson kesunḍulan, pantjèn lemes tumraping bijung. Pambarepé tumuli disapih, mung diḍot baé. Perluné si suson ora ngrasakaké daja kekuranganing bijung kang brantjuh. Brantjuh nusoni lan ngandeg. Meṭot mengkono mau pantjèn njengkah kodrat. Éwadéné perlu katindakaké amrih susoné slamet, mengkono uga widji kang neḍengi dumadi.

Djalaran saka kaanané Sinta kang mengkono mau, kasembuh pantjèn lumuh ing gawé, saplok omah-omah Sinta sasat durung tau olah-olah ḍéwé. Kawitan awor wong tuwané angkat, mung awèh urunan ḍuwit baé. Sawisé iku, barena wis omah-omah ḍéwé, lelawuhané ngebon. Awan lan soré dikirim lelawuhan ing rantang. Dadi sing ditandangi ḍéwé, tegesé ditandangi ing batur, mung ngliwet lan nggoḍog wédang. Ngebon lelawuhan mengkono iku wis dianggep tjukup; ora ribed ing gawé, tur pangan wis ketjakup. Wajah kanggo leléḍang tjukup anané. Atiné seneng. Seneng kang nglalèkaké, jèn olah-olahaning bodjo

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

iku dadi srana pangiket rumeseping bebrajan ing balé-omah. Sadjarwa ḍéwé ija durung ngrasakaké kang mengkono, amarga rasa-pangrasané ketaweng pemarem, wis olèh idjol bodjo, wis olèh idjol anak. Saja munḍak maremé déné mbarengi njiḍamé Sinta kang kapinḍo, Sadjarwa munḍak pangkaté dadi Litnan II. Kewetu udjaré, bésuk jèn djabang-baji metu lanang takdjenengaké Sudradjat, déné jèn metu wadon arep takdjenengaké Sudardjah. Pamarem mengkono iku nukulaké panganggep jèn Sinta iku sumbering kabegdjan tumrap ḍèwèké. Mula kasok sihé marang Sinta. Asihé, asih wedi, kaja wong ḍèk bijèn sing olèh triman putri. Wedi jèn sang putri rengu; wedi jèn sang putri mutung. Kasarané, nalika semana Sadjarwa kaja urip kesrimpung bengkung. Sinta kantjané, botjah Tjanḍi bijèn, saiki disuhun-suhun, katjèk ora dikutugi baé. Apa karepé Sinta digongi, diemong. Ora ngemong kaja tjarané guru-laki, mung ngemong saka wedi kepeḍotan sih.

Mengkono gambar satléraman uripé Sinta bareng wis omah[2]. Anggepé, pangarep-arepé ibuné sing wis ora ana bisa kabul. Sinta olèh bodjo sing bisa muktèkaké. Mung éman, déné bapa-bijungé ora menangi kabuling pengarep-arepé mengkono mau. Ing kaanan kang kaja mengkono Bu Sjamsuri kalamangsa mbisiki Sinta, gelema kaja lumrahé wong omah-omah. Dadi adja tansah ngénak-énak. Kanḍané Bu Sjamsuri, ngénak-énak ḍisik iku, wataké kelara-lara ing buri. Tutur kang mengkono iku mesṭi diinggihi, nanging ora dilakoni. Batiné, olèhé kelara-lara wis ḍisik, saiki kari nglakoni kepénaké.

10. LAKU-DJANTRANING NGAURIP

Lelakon kepénak sawisé Sinta nambut-silaning-akrama, kaja kesebut ing ngarep, bisa lestari sadjroning ana ing Makasar. Wong-wong kang duwé angen-angen, anaké wadon dimuktèkaké sing lanang, ing batin paḍa kepéngin, bisaa anaké kaja Sinta. Ora mung muṭek ana ngisor ḍingkel ing omah; rukun, runtung[2] wong loro. Jèn lelungan sasat ora tau ngambah lemah; memon-

toran terus, montor ḍines. Dolan-dolan menjang panggonané mitra-karuh, nadyan ora sepira dohé, mesṭi nunggang montor. Disetiri Sadjarwa ḍéwé, bandjur Sinta linggih djèdjèr. Ing saboboté Litnan II pantjèn uripé ménginaké. Katon tentrem, ora kekurangan. Mulané bisa mengkono djalaran ora ngebrèh.

Sadjarwa: „Anu ja ḍi, saupama bisa tilik menjang tanah Djawa, méndah senengé bapak karo ibu mriksani wajahé. Wong tak aturi priksa kowé wis duwé anak manèh metu wadon, paringé wangsulan kaja mengkana. Ketara banget olèhé rena ing panggalih. Sanalika ḍawuh slametan. Ngendikané nusul brokohan terus sepasaran pisan. Malah ḍawuhé, ora udjar ora kaul, jèn sowan arep ditanggapaké wajang."

Sinta: „Mesṭi baé Mas. Lah wong slirané kuwi putra mbarep, lan kagungan wajah lagi saka awaké ḍéwé kéné, tur seṭitik[2] wis pepak; wajah lanang wajah wadon; lan manèh sampéjan kuwi wiwit klas 6 nganti sepréné arang banget amor bapak-ibu. Apa manèh sasuwéné sampéjan dadi tentara, kabar baé arang[2]. Bapak karo ibu mesṭiné kangen banget."

Sadjarwa: „Aku ḍéwé satemené ija kangen banget. Nanging keprijé wong kaanan isih kaja ngéné. Sawajah-wajah kudu sijaga, njirep kraman Kahar Muzakar."

Sinta: „Aku kangen: durung duwé Mas, wong durang tau amor, malah weruh baé durung. Éwa semono ing batin kepénginku sowan ora djamak. Lah keprijé ta, wong bapakné mas Djar kuwi ja bapakku; ibuné ja ibuku; seduluré ja sedulurku. Apa manèh aku ḍéwé wis lola, dadi rasané menjang bapak tuwin ibu kuwi ja wis dadi bapa-bijungku ḍéwé. Mulané ambok ja ta Mas njuwun pamit. Gèk ajo paḍa sowan. Méndah legané ing galih."

Sadjarwa: „Doh kana doh kéné tjuti (pamit) mung 15 dina kuwi keprijé. Apa bisa katog? Ja bener lakuné ing lautan ora kepétung, 15 dina iku mung ana ḍaratan tanah Djawa baé. Mengko durung mari kangen, wis kudu bali. Ketjurut wragad."

Sinta: „Njuwun djusakèng, (pamit olèh wragad saka Negara) ta Mas."

Sadjarwa: „Ih, wong pamit kok njuwun djusakèng. Ora kena. Ja kudu wragad ḍéwé. Bisa-bisané mung pasudan kartjis. Lah gèk kudu sangu pira? Mesṭiné nggawa batur barang kanggo pamomong."

Sinta: „Njuwun ngalih baé keprijé? Dadi mulih pisan, tur olèh pasangon."

Sadjarwa: „Njuwun ngalih kuwi ja kena, nanging aku rikuh. Rikuh jèn digalih Negara njingkiri gawé; genah kéné isih sadjroning dauru ngéné. Saru dinulu pradjurit ngontjati gawé, ngontjati ruwed-renteng. Djer wadjibing pradjurit mutung kang malang-malang, ngrantas kang rawé-rawé. Jèn ana ruwed-renteng kaja kéné iki, malah pradjurit saka ngendi-ngedi dibantokaké mréné giliran."

Sinta: „Awaké ḍéwé iki wis pirang taun ta Mas ana kéné? Apa durung njeḍaki wajah digilir?"

Sadjarwa: „Pira, lagi rong taunan. Nanging wis ah, adja ngrembug iku. Kaanan isih mbutuhaké. Mangsané bakal teka ḍéwé."

Ing sawidjining dina Sadjarwa dolan-dolan menjang gisik. Anaké loro pisan ora diadjak, munḍak kena hawaning angin segara. Mula olèhé runtung-runtung kaja pemuḍa-pemuḍi baé. Linggih wong loro, éjub[2] wit panḍan eri. Ngemataké njawang gumulunging ombak tuwin keṭap-keṭaping prau majang. Ing batin ngluhuraké panguwasaning Pangéran tuwin welas asihé. Wong majang pinaringan rahaju, ora kalap ginulung ing ombak, ora kéntir déning arusing segara; saka olèhé paring pangajoman, amrih paḍa bisa olèh pangan, sarta asiling iwak murakabi wong akèh. Wong ing putjuk gunung, sing weruh segara baé durung, paḍa mèlu ngrasakaké iwak segara asilé wong majang. Sadjarwa sadjak nglangut olèhé njawang segara tanpa tepi. Pikirané nglangut tekan tanah Djawa. Kapan bisané njabrang segara sing semono djeroné, slamet tekan ing Tandjung Pérak.

Sadjarwa: „Aku kowé iki ḍèk bijèn jèn krungu tjaritané segara rak mrinding giṭoké. Kaé ta, tjaritané Jusup karo aḍiné ing lajang Panggelar Budi, segara iku rak medèni banget. Mangka

satemené gedé banget pakolèhé. Nagara kang kekurangan segara, ora sugih uwab. Dadi ija kurang udan, kurang loh-djinawiné. Malah jèn kebangeten, negarané kebak segara wedi. Djalaran saka anané segara, banju ing daratan bisa olèh buwangan. Ora mambeg, malah njakra-manggilingan. Tur dadiné segara minangka lumbung tuwin sumber pengasilan."

Sinta: „Ah, jèn olèhé mbebajani, pantjèn mbebajani. Tjoba ta, genah njatané wis pira baé prau gedé-gedé kèrem ketempuh prahara. Mangka ing djeroning segara ana kéwané gedé-gedé sing galak-galak. Apesé segara iku marakaké singunen, atik marakaké mabuk (mendem tumraping segara).

Sadjarwa: „Kuwi saka kurang djembar olèhmu nanding. Daratan baé sing marahi singunen ja ana. Tjoba nginguka djurang djero, mengko rak singunen. Tjoba takona wong sing pada nunggang bis, mengkono rak dikandani jèn sing mabuk ja ora kurang. Tjoba élinga tjaritaning alas, apa kurang kéwan gedé, kéwan galak, kéwan mandi? Lan kowé ija weruh mestiné, timbangané prau kèrem jaiku montor tabrakan, sepur mlèsèt saka ril lan lija-lijané. Dadi mungguh ing wos-wosé daratan lan lautan iku pada ana pakolèhé, ija pada ana pakéwuhé. Djadjal gagasen, jèn kowé wedia lautan, apa kelakon ketemu aku ana kéné? Lan jèn kowé wedi lautan rak ora kepéngin mulih menjang tanah Djawa."

Sinta: „Ja kepéngin baé, kok anèh."

Sadjarwa: „Mula bener unèn-unèn ing Indonesia Raja kaé. Rak ana ukarané. „Slamatlah pulaunja, slamatlah lautnja." Ukara kang nenangi marang kita supaja tresna marang pulo-pulo dalah lauté."

Sinta: „Kowé kuwi Mas jèn dadi Instruktur sadjak wasis."

Sadjarwa: „Jèn kuwi sadjaké aku isih adoh. Lah wong sing dadi Instruktur kuwi litnan I. Jèn wis pangkat kuwi ja wis nguntut. Saja seneng déné latihan Instruktur kuwi ana ing Tjimahi. Dadi bisa ngadjawa."

Sinta: „Jèn ana Tjimahi adja lali karo aku lan botjah-botjah."

Sadjarwa: „Ijah, kowé kuwi ngetjemong."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Embuh elet pirang sasi saka ngetjemongé Sinta mengkono mau Sadjarwa dielih menjang Difisi Browidjojo. Rèhning ing batin ngarep-arep bisané bali menjang tanah Djawa, mula bareng olèh pikukuh dielih menjang Divisi Browidjojo mau bungahé ora kena kinira-kira. Upama bisa mangkat sanalika, tanpa ngentèni kapal, mesṭi rinḍik kirik digitik. Saminggu ngentèni kapal, rasané kaja sasèn-sasèn. Sadjarwa karo Sinta atiné wis ana ing tanah Djawa. Rasané wis kaja krungu gamelan, krungu wong ura², mambu uwur. Ing angen-angené wis kagambar tuku lotis lan wis ana Surabaja ndelok kebon binatang, plesir nunggang trèm listrik.

Nalika arep mangkat, Sadjarwa sabrajat nginep ana ing djalan Sjahrir, ing omahé M. Achmad Sjamsuri. Dadi angkaté menjang plabuhan ija saka ngomahé M. Achmad Sjamsuri. Ing bengi iku piwelingé Pak Samsjuri sakeloron marang Sinta, supaja sing bisa nḍepani balé-omah. Mèlua ngrasakaké botrépoté mengku balé-omah, dibisa ngrangkani atiné wong lanang. Weling kang minangka wulang mau ana sing mengkéné uninė: „Genḍuk, dak sawang uripmu kuwi wis kepénak. Sumurupa, ambak-ambak kepénak iku bisa dadi sanḍunganing laku. Kepénak iku sok marakaké ngénak-énak. Bungah iku sok marakaké mbungahi. Nah kowé sing bisa matesi. Kepénak adja nganti ngénak-énak. Bungah adja nganti mbungahi. Wruhanamu, kepénak tuwin bungah iku wohing panggawé, kang diarani nugrahaning Pangéran. Déné ngénak-énak tuwin mbungahi iku, panggawé kang wis ngliwati kanugrahan mau. Dadi wis aran mèlu lakuning sétan. Mula sing ngénak-énak lan sing mbungahi iku tjepak bilainé, adoh saka Ilahiné. Élinga ja nggèr jèn ing tata-lair wis ora ana sing kotolèh-tolèh, ora ana sing kotangis-tangisi, djer bapa-bijungmu wis ora ana, gèk sadulur ora duwé. Aku sing dadi gegentiné bapa-bijungmu wis bakal pisah adoh. Djalaran saka iku kepénakmu lan kabungahanmu iku enggonen sangu éling marang Pangéran kang paring kanugrahan mau. Tegesé éling marang Allah iku, nindakaké ḍawuhé lan njingkiri tjetjegah. Ḍawuhing Allah mengkono akèh, nanging kena ginelung geleng dadi sidji, jaiku ngruketi rahajuning bebrajan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing ngalam-donja iki. Bisané mengkono atimu kudu djembar, pandulumu kudu bablas, tegesé adoh tebané. Wong sing djembar budiné, lepas panduluné, ora bisa ngénak-énak lan mbungahi, amarga weruh jèn kuwadjibaning urip iki ora ana entèké. Wong iku anané mbungahi lan ngénak-énak mesṭi mung mikir awaké ḍéwé ṭok, tur ja sanalika iku baé. Keprijé pamburiné ora kepikir; wong-wong lijané ja ora kepikir. Mikir awaké ḍéwé baé kanggo ing tembé buri ora, apa manèh mikir wong lijané. Mengkéné iki djenengé wis nglirwakaké ḍawuh, ngrukti rahajuning bebrajan mau. O, nggèr, Sinta, nglirwakaké ḍawuh iku ana pidanané. Mula nggèr sing éling tuwin waspada, murih paḍa luput saka pidananing Allah. Lirwa saluguting kolang-kaling ana pidanané, ngèstokaké saluguting kolang-kaling ija ana pigunané. Malah tumrap ing kowé, kepénakmu kuwi rangkepana prihatin. Généa kudu mengkono? Djalaran nak Sadjarwa iku pradjurit, mangka djamané isih usreg mengkéné. Sa-wajah[2] bisa diangkataké menjang pabarisan, ameng-amengan njawa. Apa ija kang mengkono iku ora kobantu, amrih slameté? Amrih dadi sisihanmu nganti tekan ing delahan bésuk. Pambijantumu tumrap marang wadjibé nak Djarwa, tindakna kanṭi prihatin."

Kèh-kèhané, prihatin iku dikératabasa: perih ing ati. Prihatin dianggep merihaké atiné ḍéwé. Awaké dilelara, atiné dipeperih. Mengkono iku kliru. Kowé ija adja kliru ngono kuwi. Prihatin iku nglelatih ati lan pikiran, amrih bisa ngenḍalèni pamungkar. Kang diarani pamungkar iku tjiliké ngumbar karep, geḍéné ngawula hawa nepsu. Bisa ngenḍalèni karep, tumindak meper hawa, iku kang aran prihatin. Ngenḍalèni. karep iku dudu mekak karep. Ngenḍalèni karep iku, tegesé sakabèhing karep bisaa uwoh rahaju. Amrih kowé kesinungan pangati-ati nggèr, tékadna jèn uripmu idjèn, rowangmu mung sing Maha Sutji."

Ésuké Sadjarwa bojong menjang papan anjar. Pak Sjamsuri sabrajat, mitra karuh paḍa nguntapaké tekan palabuhan. Kabèh paḍa njangoni pandonga, supaja slamet lakuné. Nalika mangkat iku segarané pinudju anteng. Sadjarwa karo Sinta paḍa bisa lelungguhan ing papan palinggihan (zaal), ngemataké

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

unining piano, karo ngemili pepanganan ing buffet. Bisa ngrasakaké jèn prau gedé iku sasat hotel kambang. Bandjur ngerti, nggoné para agung dèk bijèn pada jasa Balékambang wong pantjèn njamleng temenan lelenggahan mriksani lirap-liraping banju. Sumliring angin nggawa ademing uwab, menjang awak krasa seger, nganti mripat kudu lijer[2] ngantuk; apa manèh kairing ing lelagon nganjut-anjut. Wah, rasané kaja nitjil munggah Swarga. Bisa ngrasakaké, généa bangsané dewé ing kunané demen lelajaran. Ora mung saindenging Nusantara baé, uga tekan ing Madagaskar tuwin negara Tjina. Asrining samodra nenarik wong tresna marang djaladri, bandjur lelajaran golèk panguripan.

Sinta: „Tekané Surabaja bésuk ndjudjuk ngendi Mas?"

Sadjarwa: „Ja ndjudjug markas baé. Keprijé pituduhé markas, kéné manut baé, wong aku ora duwé tepungan ana ing Surabaja, tur durung tau mrana. Weruh sepisan mung liwat."

Sinta: „Kira-kira apa tumuli olèh omah."

Sadjarwa: „Ja muga-muga! Panggonan militèr ing kana kabaré akèh. Wiwit Wonokromo tekan Gunungsari kebak panggonan militèr tok. Jèn bisa olèh ana kono ja seneng. Orané kono, ja ngendi baé angger tumuli olèh. Bésuk jèn wis ndarat, aku arep ngudjeg-udjeg sing nindakaké babagan omah."

Sinta: „Jèn wis lapur bésuk bandjur njuwun pamit disik keprijé Mas, karebèn nuli bisa sowan bapak-ibu."

Sadjarwa: „Ja tjoba dak djadjalé bésuk."

Énggaling tjarita Sadjarwa wis tekan ing Surabaja. Mudun saka kapal terus ndjudjug ing kantor angkutan Tentara, supaja olèh pitulungan kanggo ngusungi, menjang markas K.M.K. Déning panggedé K.M.K. Sadjarwa diparingi kamar sadijan pondokan, lowung kanggo djudjugan sedina rong dina. Uruté, Sadjarwa bandjur nglapuraké tekané marang sing wadjib. Nuli lapur menjang kantor babagan omah militèr, bisaa tumuli olèh omah. Sabandjuré njuwun pamit disik kaja usulé Sinta. Panjuwuné diparengaké. Mula lagi ana Surabaja rong dina bandjur mangkat menjang Purworedjo. Mangkaté didisiki tilgram.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

.....

„Tilgram! Mengkono utjapé kantja P.T.T. ana ngèmpèré Pak Djeksa Gitapradata. Setyati, jaiku adiné Sadjarwa, mak brabat metu nampani tilgram mau. Ngalamaté diiling-ilingi bandjur katur bapakné. Tilgram dibukak bjak, sawisé diwatja bandjur muni: „Lah, dalah; ibuné, anakmu mengko teka. Sabrajat didjak kabèh. Kana Ti, Inah didawuhi njekel djago abang kaé, gèk ndang dibelèh. Haaa, kelakon ngudang putu temenan, mengko."

Setyati ngèstokaké dawuh. Inah dibengoki, didawuhi mbelèhaké djago abang. Déné ibuné marani bapakné karo pitakon: „Endi, endi tilgramé, takwatjané." Lajang tilgram ditampani bandjur diwatja: „Wah temenan. Djam pira mengko pakné?"

Pak Djeksa: „Ngéné baé, tak ndjaluk tulung Nak Kapèn Pradja. Ngampil pic up kanggo metuk menjang Kutoardjo, karebèn tekané rantjag. Émané, jèn Sabtu ngéné iki wis akèh sing pada arep njilih. Éwadéné kalah tjatjak, menang tjatjak tak gawèkaké kitir."

Ing dalem Gitapradatan kaja duwé gawé dadakan. Sanalika wong saomah pada andum gawé kabèh. Ana sing reresik lan nata bakal kamaré Sadjarwa sarimbit, ana sing bikut ing pawon. Bu Djeksa wira-wiri mrenah²aké kang pada njambut gawé. Setyati bareng wis rampung olèhé nata kamar, didawuhi dandan, metuk kangmasé. Olèhé ichtijar pic up olèh. Dadi metuké ija nganggo pic up silihan mau. Tekaning wajah, sepur sing ditunggangi Sadjarwa wis ngongsrong mlebu ing setasijun Kutoardjo. Sadjarwa ora ngira jèn dipetuk, mula sepira kagèté bareng diuwuh botjah wadon terus dirangkul gapjuk: „Mas Djar." Kangmasé dirangkul lambungé, dipiting-piting.

Sadjarwa: „Lho, Tyati! Adiné dikekep-kekep saka bungahé. ....., Sapa réwangmu?"

Setyati: „Déwé baé Mas. Iki mau wong saomah andum gawé, bareng tilgrammu teka. Kowé dipetuk pic up, karebèn ndang tekan ngomah. Lah iki, apa bakju karo botjah-botjah?"

Sadjarwa: „Ija kuwi bakjumu. Iki lo Lé: bulik, ndèrèka."

Tjekaké, lakuné Sadjarwa wis tekan Purworedjo. Sadjarwa bandjur ngabekti (sungkem) marang rama-ibuné. Rama-ibuné

nampani sungkem karo keranta-ranta. Ora saka susah, saka bungahé. Panggagasé: Sadjarwa iku anané ing Makasar perang terus, gèk kodanan mimis, mangka saiki bisa mulih kanṭi sjamet, ora gèṭèk ora tjiri. Olèhé nijat wajangan disidakaké, kanggo mangaju-bagja ulihé Sadjarwa, tur mulih mbojong putri pisan. Malah putri sing dibojong iku putri weton Klaṭèn. Olèhé nanggap wajang sasat sadeg sanjet, mung let rong bengi saka ulihé Sadjarwa. Ulemé marang kadangwarga tuwin mitra-karuh mung djawilan, geṭok tular. Éwadéné rèhning kjainé Gitapradata kuwi ngojot ana ing kono, lan dadi tuwa-tuwan'ng tangga teparo, mula adeging gawé kaja ngerigaké bala siluman. Kabèh kabutuhaning gawé kaja teka dadakan paḍa sanalika. Ana sing teka bau, ana sing teka prabot, ana sing teka bumbu, pepanganan mentah mateng. Urunan saka Patjinan ija lowung. Kena diarani jèn kjainé Gitapradata iku mung ngadjangi; déné sing duwé gawé sanak-kadang lan mitra-karuh. Olèhé wajangan sawengi. Déné lakoné Palasara rabi. Ing sawengi iku ing Gitapradatan kebak swasana suka-rena. Kabèh kang paḍa teka, paḍa nḍèrèk bungah, déné Kjainé Djeksa bisa ketemu putrané, tur wis anak bodjo. Ana sing duwé pianggep, jèn olèhé wajangan ing sumber telu tempur dadi sidji. Sepisan ulihé putra kakung, kapinḍo olèh mantu, kateluné olèh putu.

Sadjroné Sadjarwa ana Purworedjo dikatogaké olèhé among suka. Ngendikan, dolan, ḍahar, saré. Genti-genti ḍajohé sing paḍa djagong wajangan genti didolani, minangka walesing katresnan. Jèn Sadjarwa marḍajoh mengkono mau, anaké loro pisan paḍa ditinggal. Embahné ora marengaké didjak. Karebèn kèri diemong embahné kakung-putri. Pak Djeksa nguṭun-uṭun wajahé sing pembarep (lanang), déné Bu Djeksa putu wadon si Sudardjah. Malah saka kersané embahné, wajahé dipundut kanggo ngregengaké dalem. Djalaran rasaning wong balé-omah, jèn ora krungu lan otjèhing botjah, iku kurang regeng. Karsa sing mengkono mau diduwa déning putrané, amarga putrané ija wis kepéngin regeng ḍéwé. Djalaran saka iku Pak Djeksa lan Bu Djeksa olèhé ngudang wajah dikatog-katogaké. Kabungahan mengkono mau, jaiku bungahing wong klumpukan karo anak

PERPUSTAKAAN NASIONAL

putu, dadi rabuk ngrembakané kekula-wargan. Rèhning tindak mengkono iku kerep ditindakaké déning bangsa kita, mula tetalining kekulawargan kita iki kawentar kukuh. Lagi bebésanan baé olèhé nembungaké *Nepungaké Balung apisah*.

Baliné Sadjarwa menjang Surabaja ngepas entèking pamit. Sing sowan lan sing disowani wis pada krasa lega. Pak Djeksa sekalijan andrewili pudjiné, amrih uripé Sadjarwa sepi ing tengadur, nemua kembang tjepaka sawakul. Nalika Sadjarwa ngabekti njuwun pamit, embun-embunané disebul-sebul Bu Djeksa, karo diparingi pandonga slamet.

Bareng Sadjarwa wis tapak njambut gawé ing Surabaja, banget pangudiné bisaa olèh omah, gèk balia ngrasakaké olèhé omah-omah. Sing bisa mitulungi, ngalamat kang dituduhaké ibuné Sadjarwa, djenengé Martasubagja. Wondéné Martasubagja iku adi mindoné Bu Djeksa. Omahé ing Wanakitri. Sadjarwa durung tau weruh pamané mindoan mau. Malah krungu baé durung. Rèhning ketempuh ing butuh, mula diperlokaké nggolèki. Kaleksanan bisa ketemu. Kitir paringané ibuné diaturaké Pak Martasubagja. Pak Martasubagja atiné menga, dasar papané ana, mulané Sadjarwa sadurungé olèh omah déwé amor ana ing Wonokitri. Pangadjak mengkono iku agawé leganing atiné Sadjarwa ing sawetara. Trima lowung tinimbang kesuwèn dadi gawéning K.M.K., sing sanjatané banget mbutuhaké kamar, kanggo djudjugané para tentara kang nggantung laku.

Durung rong lapan olèhé ana Wonokitri, atiné ja durung seneng kaja dèk ana Makassar, dumadakan ana kedadéan sing ora kenjana-njana. Ora kenjana-njana kaja ketemuné Sinta karo Sadjarwa ana ing énggok-énggokan djalan Sjahrir dèk rong taun kepungkur. Sepasar sadurungé kang ora ke-njana² mau kedadéan, mripaté Sadjarwa saben-saben kaja weruh klébaté wong wewèntèhan, tuwin tlapukané kang duwur keduten nritil. Banget olèhé ngudarasa, gèk bakal weruh sapa. Semu kodeng, déné kang katon nglébat ing pandeleng, nadyan wewèntèhan, nanging adjeg ora bisa disumurupi, djalaran mesti adjeg saka buri.

Ing dina Ngaad wajah djam 8 ésuk Sadjarwa pamit golèk

omah séwan. Sing diener kampung Derma. Lakuné nunggang pit. Bareng tekan ing djalan Tjisedané, watara 75 m, ing ngarepé ana wong pajungan metu saka énggok²an nganti botjah lanang tjilik. Sandang penganggoné plek kaja kang tansah kumlébat ing pandelengé. Pité rada disengkaké. Atiné kumesar! Sapa baja kang ngepleki klébating panon. Tekadé arep diuduni, réka² takon dalané menjang Derma, bisaa pramana kang dadi klébating pandulu mau. Bareng mudun djlug, tratabing ati saja muwuhi deg-deging djantung. Awaké gumeter sanalika. Tjangkem blangkemen. Apa kang arep ditakokaké babar pisan ora kewetu.

Wong sing pajungan mau bareng diendegi wong nunggang pit, ja bandjur mandeg: greg. Ngingetaké praènané wong sing nunggang pit, sakala kagawokan ja ora bisa ngutjap. Sasuwéné sawang-sinawang kagawokan, botjah sing dikanti njendal karo tjlatu: „Ajo ta bu gèk gelis, djaré arep menjang Kebon Binatang."

Déning panjendal mau, wong pajungan wangsulané kaja kesendal: „Mengko disik ta Lé! Iki sapa? Delengen iki sapa?"

Krungu gunemé wong pajungan, Sadjarwa njawang botjah sing diuwuh Lé mau. Atiné saja tumratab, nanging isih bisa nata napasé, dadi atiné isih bisa tata. Sanadyan tratabing ati iku katon ing ulat, nanging gunemé ora pati kedajan ati nratab: „Astagafirullah. Aku mau pantjèné arep takon dalané menjang Derma. Bareng weruh kowé kok ora kewetu. Hemmm, sepranasepréné lagi ketemu, tur ora kenjana-njana. Dadi sing kumlébat ana panonku pirang-pirang dina kuwi kowé." Tjlatu mengkono mau karo njandak botjah sing dikanti wong pajungan mau, bandjur dipondong, diambungi.

Wangsulané wong pajungan „Ajo ta menjang ngomah baé, saka kéné ora adoh, ing papiljun Djalan Kutai."

Wong loro runtung-runtung menjang Djalan Kutai, déné botjah tjilik digontjèngaké pit. Sasuwéné lumaku pada ngandakaké olèhé ana ing Surabaja, ing bab gawéan lan kaananing omahé. Rembug mau dibandjuraké nganti nalikané ana ing papiljun Kutai.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Sadjarwa: „Aku tak mbalik njeluk kowé ḍik Setyasih baé. Aku karo kowé mandjinga sedulur." Gunemé Sadjarwa mengkono iku abot. Abot saka olèhé arep njingkiri diarani wajuh. Abot lan ruwed ing ati, amarga Setyasih sing pisah 5 taun, katon olèhé isih ngeboti ḍèwèké, tur wangsulané mesṭi karo kembeng-kembeng.

Setyasih: „Mas, pisahku karo kowé pinisah déning kaanan perang. Aku ora pisah djalaran kotalak, mengkono uga ora ndjaluk talak menjang Raad Agama, sadjroné aku ora tampa nafkah saka kowé, ing sasuwéné pisah mau, saréka-rékaku aku bisa golèk pangan tjukup karo kanggo ṭolé, ngiras pantes ngentèni kabar kawusananmu. Kaja diiris rasaning atiku, bareng krungu gunemmu, aku kapandjingaké sedulur. Sapa wongé ora trenjuh, mantep ing guru-laki djebul mung diwales mandjing dadi sedulur, tur dipegat tanpa talak. Adja ngoro Mas, ora betjik. Upama aku bisa trima, nanging sipating wadon kang rumangsa sinawijah, bakal gugat ing pangajunaning Pangéran. Gugat kang kaja mengkono iku mesṭi ja ora bakal taktindakaké, djer kenṭeling atiku, „Sadjarwa tetep dadi bodjoné Setyasih."

Sadjarwa: „Keprijé ta ḍi, wong aku wis rabi manèh, tur wis duwé anak loro, aku pantjèn wis nglalu djalaran saka kélangan kowé kuwi. Tita olèhku nggolèki, ora bisa ketemu. Djebul bisané ketemu bareng aku wis rabi manèh duwé anak loro. Aku rumangsa ora ketjonggah wajuh; mulané sirku kowé dak pandjingaké dadi sedulur. Iku minangka tanḍaning piwalesku marang kowé."

Setyasih: „Piwales mengkono iku apa dudu paukuman? Ngendi ana bodjo setya kok dipegat. Aku wis njatakaké emoh pegat urip. Wis mèh limang taun aku pisah, nanging tetep mantep ngentèni, déning ora nedya pegat urip. Aku ngerti Mas, jèn kowé mesṭiné abot bodjo anjar, kang sanjata bisa dadi panglipurmu, rikala pisahmu karo aku. Mulané aku ja emoh njaru-siku olèhmu rabi mau. Anteping atiku sing semono menjang kowé, jèn mung kotimbangi „mandjing sedulur" ora timbang banget. Apa ija ṭolé mandjing dadi keponakanmu. Ja, Allah njuwun ngapura. Wruhananmu: Mas! Bapak karo ibu wis tau njarudjuki lama-

raning wong marang aku, angger aku gelem. Aku emoh, djalaran kaja ana sing mbisiki kejakinanku, jèn kowé isih urip, lan bakal ketemu. Mula, kosingkang-singkanga kaja kongkang, kotjutjik-tjutjika kaja wredjit tjatjing, anggepku kowé tetep bodjoku. Ora ana wong wadon wajuh. Mulané aku ja emoh omah-omah, amarga kowé isih dadi bodjoku."

Wong sing manggon ing omah gedé mèlu nemoni Sadjarwa. Nitik gunemé wong sing manggon ing omah gedé mau, Sadjarwa olèh paseksèn, jèn dèwèké dianti-anti déning Setyasih, bodjoné lawas. Saja èmeng atiné. Jèn nerusaké karo Setyasih, keprijé Sinta. Jèn ngeboti Sinta, Setyasih ja abot. Èmeng, wewengan durung ana. Saawan olèhé ana ing papiljun Kutai, rasané ora karuh2an. Bungah susah worsuh dadi sidji. Bungah ketemu anak-bodjoné sing ilang. Bungah, déné Setyasih ana ing papiljun kono ketara betjik uripé. Susah déné ngèlingi anak-bodjoné sing saiki, jaiku Sinta. Apa ora muring-muring, jèn weruh dèwèké betjik karo Setyasih? Èmeng sing durung ana wewengané iku digawa mulih menjang Wonokitri. Wong saomah maunè ngira, jèn mbesenguté Sadjarwa iku saka rembugé omah ing Derma mlèsèd. Ngertiné jèn ana apa-apa, bareng weruh olèhé molak-malik ora bisa turu, lan kerep lunga nginep. Mengkono iku kedadéan ing sadjroning sesasi. Sinta ora kepénak atiné. Ora rumangsa luput, kok ora kebeneran. Kerep ketiban tembung songol, kerep olèh ulat bening leri. Unek-unek sing ora bisa metu, ndjalari ulat peteng lan tembungé pating slengkrah, ora kepénak dirasakaké. Atiné Sinta kaja ditotog ing alu gora, bareng diprasadjani, jèn ketemu karo anak-bodjoné sing ilang, tuwin prasadja nedya arep nerusaké bebodjoan karo Setyasih.

11. BADAN SEPATA

Limang minggu sawisé kedadéan ing Tjisedané, Sinta urip dèwé emplé. Pisahan karo Sadjarwa kanti talak sidji. Sadjarwa abot Setyasih. Kelakoné pisahan, déning Sinta ngantepi: „Emoh dimaru." Jèn Sadjarwa isih éling Setyasih, Sinta

pilih idjèn. Rasaning atiné, dikira kepénak dadi randa, tinimbang duwé bodjo, nanging dimaru. Duwé maru iku djaréné rasaning ati kaja digarang sedina-dina. Pantjèné ija owel banget olèhé pisahan, nanging keprijé manèh. Saja abot manèh atiné, pisahé anaké loro pisan, sing isih tjilik-tjilik. Abotmg pisah karo anak dibisak-bisakaké, djer ngèlingi awaké ora duwé panguripan, kang dienggo nanggung wragading anak. Tuwin uga ngèlingi, langka ana wong lanang, sing netepi wadjib njadongi pangané anak-anaké, samangsa si anak mèlu sing wis dipegat. Growah, growah banget atiné Sinta. Tudjuné bisa mbetah-mbetahaké. Dadi ora nganti lara nglajung. Mung lara atiné, déning ngrumangsani apesé dadi wong wadon. Kaja kembang, jèn isih kanggo, kanggo tjunduk, kanggo sumping. Sadéla baé wis lesah bandjur dibuwang sebut kaja uwuh.

Bareng kelakon pepisahan, Sadjarwa saanaké ambruk ana ing papiljun djalan Kutai. Ana ing kono Sadjarwa wis rumangsa omah dewé manèh, ora mondok, ora kumpulan. Dadi nadyan pisahé karo Sinta iku ana gogragé, nanging pepulihé ana. Béda karo Sinta, pepulihé ora ana, mula sedihé ja rada awèt. Kala-kala tenger-tenger, luhé dlèwèran ora krasa. Ana pitulungané sawetara déné Pak Martasubagja sarimbit gelem ngajomi. Sinta dikon amor ing kono sakrasané. Samangsa kétok tenger-tenger agé-agé diparani, diadjak omong^2, karebèn lipur. Jén Bu Marta nudju sela, Sinta diadjak dolan-dolan supaja mundak tetepungané, tuwin growahing atiné karebèn nuli pulih. Olèhé mèlu dolan-dolan golèk tepungan mau dadi wewengan tumrap Sinta, ngleboni urip anjar. Sinta ditepungaké karo njonjah Marie. Karepé njonjah Marie, Sinta diadjak njambut gawé ing Singer; Sinta nurut. Olèhé nurut mau, déning meruhi jèn njonjah Marie ija randa, bisa katon mèmper uripé saka dadi guru singer. Njonjah Marie ija kogel kaja Sinta, amarga kepedotan tresna.

Awit saka tanggungané njonjah Marie, Sinta ditampa dadi djurutulis singer, lan diwènèhi wektu seminggu pindo, mèlu sinau ndjait. Uripé Sinta sing anjar iki bisa dadi ular-ularing uripé ing sabandjuré. Bareng anggoné sinau mendjait wis 7 sasi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bisa lulus. Sinta mbandjuraké sinau njongkèt lan mblodir, ija kepétung gangsar. Singer rumangsa duwé uwong sing dadi pembantuné njonjah Marie. Pitulungané njonjah Marie marang Sinta kang mengkono iku, muwuhi raketing pasedulurané. Mèh kabèh wong Menado sing dadi akrabé njonjah Marie ditepungi Sinta. Alija saka iku Sinta ija ketularan prasetyané njonjah Marie. Katjèké sețițik, jèn njonjah Marie wis nijat wadat, amarga wis ora ngandel manèh marang katresnaning prija sapa baé, déné Sinta isih duwé pangarep-arep balining katresnané Sadjarwa. Tresna ngidjèni kaja sing uwis. Pangarep-arep batin kang dikeker banget. Dadi ora tau kewetu ing potjapan. Jèn kirim apa-apa marang anaké lumantar Bu Marta, diaturi ngawataké paringané Bu Marta ḍéwé, baṭèn saka urunan pamonḍoké Sinta. Rerigen sing mengkéné iki, dadi sarana tetalining kelairan, sambungé Sinta karo anak-anaké. Kala-kala anaké Sinta diadjak Bu Marta menjang Wonokitri, karebèn kena kanggo tamba kangené Sinta. Sabandjuré bareng botjah-botjah wis geḍé bisa paḍa tilik ḍéwé. Mengkono ganṭané.

Begdjané Sinta, pangarep-arep mau sadjak tangèh kelakoné. Sadjarwa ora ana titikané arep mbalèni Sinta. Wasana Sinta mupus. Pupusané, bésuk jèn ta djempo wis bakal ana sing ngopèni, jaiku anaké loro pisan.

TJUṬEL

PERPUSTAKAAN NASIONAL

gkèt lan mblodir, ija
wé uwong sing dadi
jonjah Marie marang
g pasedulurané. Mèh
njah Marie ditepungi
prasetyané njonjah
is nijat wadat, amar-
aning prija sapa baé,
g katresnané Sadjar-
arep-arep batin kang
potjapan. Jèn kirim
ta, diaturi ngawata-
urunan pamondoké
rana tetalining kela-
ala-kala anaké Sinta
arebèn kena kanggo
g botjah-botjah wis
tané.
jak tangèh kelakoné.
Sinta. Wasana Sinta
wis bakal ana sing

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL

B. P. No. 383 — '55